



SINTAKSIS BASA SUNDA

Tim Panyusun:

**Drs. H. Usep Kuswari, M.Pd.
Hernawan, S.Pd., M.Pd.**

**JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FPBS UPI
2010**

PANGAJAP

Ieu tulisan téh meda perkara sintaksis atawa tata kalimah basa Sunda. Ku kituna, dijudulan *Sintaksis Basa Sunda*.

Eusi ieu tulisan téh disusun jadi opat bab, bab I medar perkara ambahan, kalungguhan, jeung konsép dasar sintaksis, bab II medar ngeunaan frasa anu ngawengku wangenan, wanda, jeung warna frasa, bab III medar perkara klausa nu ngawengku wangenan, unsur-unsur fungsional klausa, wangun klausa, tipe klausa, jeung warna klausa, jeung bab IV medar perkara kalimah nu ngawengku wangenan jeung papasingan. Sajaba ti pedaran materi, dina satiap ahir bab dieuyeuban ku tingkesan jeung latihan.

Tangtu baé ieu tulisan téh masih loba kahéngkéranana sarta jauh tina kasampurnaan. Ku kituna, saran katut kritik ti sadayana pohara diéstokeun pisan.

Ngajanggélékna ieu tulisan téh éstu dirojong ku sakumna pihak. Dina ieu kasempetan, panyusun ngahaturkeun nuhun ka sakumna pihak nu tos ngarojong tur ngadeudeul, utamina ka pangersa pupuhu jurusan, Drs. Dingding Haérudin, M.Pd. sareng sekrétaris jurusan Dr. Hj. Nunuy Nurjanah, M.Pd..

Pamungkas, mugia ieu tulisan téh aya mangpaatna pikeun hirup huripna basa Sunda.

Bandung, 11 Januari 2010
Panyusun,

Drs. H. Usép Kuswari, M.Pd.
Hernawan, S.Pd., M.Pd.

DAPTAR EUSI

PANGAJAP i DAPTAR EUSI ii

BAB I BUBUKA 1

Tujuan 1

Pedaran Eusi 1

- 1.1. Ambahan Tata Basa 1
- 1.2. Kalungguhan Sintaksis 2
- 1.3. Konsep Dasar Sintaksis 3
 - 1.3.1. Fungsi, Kategori, jeung Peran Sintaksis 3
 - 1.3.1.1. Fungsi Sintaksis 3
 - 1.3.1.2. Kategori Sintaksis 3
 - 1.3.1.3. Peran Sintaksis 4
 - 1.3.2. Alat-alat Sintaksis 5
 - 1.3.3. Unit-unit Sintaksis 5

Tingkesan 5

Latihan 6

BAB II FRASA 7

Tujuan 7

Pedaran Eusi 7

- 2.1. Wangenan Frasa 7
- 2.2. Wanda Frasa 8
 - 2.2.1. Frasa Endosentrik 9
 - 2.2.1.1. Frasa Atributif (*Modifikatif*) 9
 - 2.2.1.2. Frasa Apositif 9
 - 2.2.1.3. Frasa Koordinatif 10
 - 2.2.1.4. Frasa Objektif 10
 - 2.2.1.5. Frasa Konéktif 10
 - 2.2.2. Frasa Eksosentrik 10
 - 2.2.2.1. Frasa Diréktif 10
 - 2.2.2.2. Frasa Rélatif 10
 - 2.3. Warna Frasa 11
 - 2.3.1. Frasa Barang 11
 - 2.3.1.1. Wangun Frasa Barang 11
 - 2.3.1.2. Harti Frasa Barang 11
 - 2.3.2. Frasa Pagawéan 14
 - 2.3.2.1. Wanda Frasa Pagawean 14
 - 2.3.2.2. Wangun Frasa Pagaweaan 15
 - 2.3.2.3. Harti Frasa Pagawean 16
 - 2.3.3. 2Frasa Sipat 16
 - 2.3.3.1. Wangun Frasa sipat 16
 - 2.3.3.2. Harti Frasa Sipat 16
 - 2.3.4. Frasa Bilangan 17
 - 2.3.4.1 Wangun Frasa Bilangan 17
 - 2.3.4.2. Harti Frasa Bilangan 17

- 2.3.5. Frasa Pangantét 17
- 2.3.5.1. Harti Frasa Pangantét 18

Tingkesan 19

Latihan 19

BAB III KLAUSA 21

Tujuan 21

Pedaran Eusi 21

- 3.1. Wangenan Klausua 21
- 3.2. Unsur-unsur Fungsional Klausua 22
 - 3.2.1. Jejer (*Subjék*) 22
 - 3.2.2. Caritaan (*Prédikat*) 23
 - 3.2.3. Udagan (*Objék*) 23
 - 3.2.4. Panglengkep (Komplemen) 24
 - 3.2.5. Keterangan (*Adverbial*) 24
- 3.3. Wangun Klausua 25
 - 3.3.1. Klausua Lengkep 25
 - 3.3.1.1. Klausua Lengkep Umum 25
 - 3.3.1.2. Klausua Lengkep Inversi 26
 - 3.3.2. Klausua teu Lengkep 26
- 3.4. Tipe Klausua 26
 - 3.4.1. Klausua Bebas 26
 - 3.4.1.1. Klausua Pagawéan (*Verbal*) 26
 - 3.4.1.2. Klausua Tanpagawéan 28
 - 3.4.2. Klausua Kauger 29
- 3.5. Warna (Kategori) Unsur Klausua 30
- 3.6. Peran Unsur Klausua 31
 - 3.6.1. Peran Jejer 31
 - 3.6.2. Peran Caritaan 32
 - 3.6.3. Peran Obiek 33
 - 3.6.4. Peran Palengkep 33
 - 3.6.5. Peran Keterangan 34
- 3.7. Warna Klausua 35
 - 3.7.1. Klausua Barang (Nominal; Ekuatif) 35
 - 3.7.2. Klausua Pagawean (*Verbal*) 35
 - 3.7.3. Klausua Sipat (Ajektival) 35
 - 3.7.4. Klausua Bilangan (Numeral) 35
 - 3.7.5. Klausua Pangantét (Preposisional) 35
- 3.8. Wangun Panolakan dina Klausua 35
 - 3.8.1. Klausua Positif 36
 - 3.8.2. Klausua Negatif 36

Tingkesan 36

Latihan 38

BAB IV KALIMAH 40

Tujuan 40

Pedaran Eusi 40

- 4.1.** Wangenan Kalimah 40

- 4.2. Papasingan Kalimah 41**
 - 4.2.1. Dumasar Jumlah jeung Jinis Unsur Pangwanganuna 41**
 - 4.2.1.1. Kalimah Basajan 41**
 - 4.2.1.2. Kalimah Jembar 41**
 - 4.2.2. Dumasar Jumlah jeung Jinis Klausu anu aya dina Dasarna 42**
 - 4.2.2.1. Kalimah Salancar 42**
 - 4.2.2.2. Kalimah Ngantét 45**
 - 4.2.3. Dumasar Struktur Internal Klausu Utamana 49**
 - 4.2.3.1. Kalimah Sampurna49**
 - 4.2.3.2. Kalimah teu Sampurna 49**
 - 4.2.4. Dumasar Ngandung-Henteuna Klausu49**
 - 4.2.4.1. Kalimah Klausu 50**
 - 4.2.4.2. Kalimah Tanklausu 50**
 - 4.2.5. Dumasar Fungsina dina Komunikasi 50**
 - 4.2.5.1. Kalimah Wawaran (*Déklaratif*) 50**
 - 4.2.5.2. Kalimah Pananya (*Interogatif*) 50**
 - 4.2.5.3. Kalimah Panitah (*Imperatif*) 50**
 - 4.2.6. Dumasar Patalina Aktor jeung Aksi 50**
 - 4.2.6.1. Kalimah Migawé (*Aktif*) 50**
 - 4.2.6.2. Kalimah Dipigawé (*Pasif*) 51**
 - 4.2.6.3. Kalimah Migawé Manéh (*Repleksif*) 51**
 - 4.2.6.4. Kalimah Silihbales (*Résiprokal*) 51**
 - 4.2.7. Dumasar Aya Euweuhna Unsur Pamungkir (*Negatif*) dina Caritaanana 51**
 - 4.2.7.1. Kalimah Negatif 51**
 - 4.2.7.2. Kalimah Positif (*Afirmatif*) 51**
 - 4.2.8. Dumasar Kalengkepan Unsur Dasarna 51**
 - 4.2.8.1. Kalimah Formata 51**
 - 4.2.8.2. Kalimah Transformata 52**
 - 4.2.8.3. Kalimat Deformata 52**
 - 4.2.9. Dumasar Konteks jeung Jawaban nu Ditepikeun 52**
 - 4.2.9.1. Kalimah Salam 52**
 - 4.2.9.2. Kalimah Panggero 52**
 - 4.2.9.3. Kalimah Ébréhan 53**
 - 4.2.9.4. Kalimah Pananya 53**
 - 4.2.9.5. Kalimah Panitah 53**
 - 4.2.9.6. Kalimah Wawaran 53**
 - 4.2.10. Dumasar Warna Kecap atawa Frasa nu Jadi Caritaanana 53**
 - 4.2.10.1. Kalimah Pagawean 53**
 - 4.2.10.2. Kalimah Tanpagawean 53**

Tingkesan 54
Latihan 55

DAPTAR PUSTAKA 57

BAB I

BUBUKA

Tujuan Pangajaran

Saréngséna maca ieu bab, dipiharep sadérék mampuh

- a. ngajéntrékeun ambahan tata basa;
- b. ngajéntrékeun ngeunaan istilah sintaksis;
- c. nerangkeun kalungguhan sintaksis dina ulikan basa;
- d. nerangkeun fungsi, kategori, jeung peran sintaksis;
- e. ngajéntrékeun alat-alat sintaksis; jeung
- f. nyindekkeun unit-unit basa nu kawengku ku ulikan sintaksis.

1.1 Ambahan Tata Basa

Geus dijéntrékeun yén tata basa téh mangrupa tata susun tina patokan-patokan umum anu aya dina adegan basa. Tata basa mangrupa hiji tiori anu ngagambarkeun cara basa lumampah jeung dipaké ku masarakat basa. Ku kituna, Chomsky (1968:3) nétélakeun yén tata basa téh nya éta sagemblengna kaidah basa anu nyangkaruk dina jiwa pamaké basa pikeun ngatur pamakéan basa.

Tata basa ngawengku dua widang élmu: tata kecap (morfologi) jeung tata kalimah (sintaksis). Morfologi medar adegan morfem jeung kecap, ari sintaksis medar adegan frasa, klausa, kalimah, jeung wacana. Morfologi jeung sintaksis téh raket pisan patalina. Boh morfologi boh sintaksis pada-pada bagian tina tata basa sarta duanana ngalibetkeun kecap. Wangun basa pangleutikna nu dipaluruh dina morfologi nya éta morfém, ari nu panggedéna kecap. Éta téh bédha jeung sintaksis anu maluruh patalina wangun basa (kecap/frasa/klausa/kalimah) anu hiji jeung wangun basa (kecap/frasa/klausa/kalimah) séjenna dina wanganan nu leuwih jembar nya éta wacana. Jadi, kecap anu mangrupa wangun basa pangjembarna dina morfologi, dina sintaksis mah mangrupa wangun basa pangleutikna.

Upamana, kalimah *adi kuring téh rék ngala buah manggu ka kebon*. Pedaran patalina frasa *adi kuring téh* salaku jejer jeung frasa *rék ngala* salaku caritaan, sarta patalina jeung frasa *buah manggu* salaku objek, terus patalina jeung frasa *ka kebon* salaku keterangan, kaasup kana ambahan sintaksis. Kitu deui, patalina kecap *adi, kuring, téh* dina frasa *adi kuring téh*; patalina kecap *rék* jeung *ngala* dina frasa *rék ngala*; patalina kecap *buah* jeung *manggu* dina frasa *buah manggu*; sarta patalina kecap *ka* jeung *kebon* dina frasa *ka kebon* kaasup kana ambahan sintaksis. Ari pedaran perkara kecap *adi, kuring, téh, rék, buah, manggu, ka*, jeung *kebon* anu diwangun ku hiji morfém; perkara kecap *ngala* diwangun ku dua morfém nya éta N-(nasal) jeung *ala*, kaasup kana ambahan morfologi.

1.2 Kalungguhan Sintaksis

Istilah sintaksis dina basa Sunda ilahar disebut *tata kalimah*. *Tata* (basa Kawi) hartina 'adat, aturan, bérés, kaidah, atawa papagon', ari *kalimah* (basa Arab) hartina

'omongan atawa bagian tina caritaan' (LBSS, 1983: 208;514). Jadi, sacara etimologi, sintaksis atawa tata kalimah téh nya éta aturan nata kalimah.


Istilah sintaksis asalna tina basa Walanda *syntaxis*. Dina basa Inggris digunakeun istilah *syntax* (Ramlan, 1986: 21). Sacara etimologi, kecap sintaksis asalna tina basa Yunani, *sun* anu hartina *babarengan* jeung *tattien* anu hartina *nempatkeun*. Jadi, sacara etimologi mah sintaksis téh hartina 'nempatkeun kecap-kecap babarengan jadi kantétan-kantétan kecap sarta kantétan-kantétan kecap jadi kantétan kalimah' (Prawirasumantri, 2000: 1).

Sababaraha urang ahli basa (*linguis*) nétélakeun pamadeganana ngeunaan wangenan sintaksis. Nurutkeun Ramlan (1987: 21) sintaksis nya éta bagéan tina élmu basa nu medar ngeunaan wacana, kalimah, klausa, jeung frasa. Tarigan (1984: 6) méré wangenan yén sintaksis téh nya éta salah sahiji cabang tina tata basa nu medar adegan-adegan kalimah, klausa, jeung frasa. Kitu deui Chaer (2001: 161) ngébréhkeun pamadeganana yén sintaksis téh nya éta tata basa anu medar hubungan antarkecap dina ungkara.

Sawatara *linguis* Sunda di antarana Prawirasumantri jeung Sudaryat méré watesan ngeunaan sintaksis. Prawirasumantri (2000: 1) ngébréhkeun sintaksis téh nya éta élmu anu maluruh sakumna patali gramatik antarkonstruksi sintaksis anu disebut kalimah jeung wacana, nya éta patali gramatik antarkecap, antarfrasa, antarklausa, jeung antarkalimah. Sudaryat (1985: 74) boga pamadegan yén sintaksis téh nya éta bagian tina tata basa anu maluruh jeung medar susunan kalimah katut babagianana. Éta sababna sintaksis téh sok disebut tata kalimah. Anu dipaluruh jeung dipedar ku sintaksis téh nya éta frasa, klausa, kalimah, jeung wacana.

Tina sawatara pedaran di luhur, cindekna sintaksis téh nya éta salah sahiji cabang tina tata basa anu ngulik, maluruh, jeung medar frasa, klausa, kalimah, jeung wacana katut patali gramatik antarkonstruksina.

Saméméh medar perkara ambahan sintaksis, dina ieu pedaran baris diébréhkeun leuwih ti heula ngeunaan adegan basa (*struktur bahasa*). Adegan basa téh nya éta tata unsur-unsur basa nu pakait nurutkeun pola-pola atawa kaidah nu tangtu. Unsur-unsur basa nu diragum ku adegan basa téh nya éta foném, morfém, kecap, frasa, klausa, kalimah, jeung wacana. Sangkan leuwih jéntré éta adegan-adegan basa téh bisa dititénan dina bagan di handap ieu.



Bagan 1
Adegan Basa

Tina bagan di luhur, ébréh pisan yén ambahan sintaksis téh nya éta frasa, klausa, kalimah jeung wacana. Sintaksis jeung morfologi téh mangrupa bagian tina tata basa atawa gramatika. Ari gramatika, leksikologi, fonologi, jeung semantik mangrupa subsistem tina linguistik.

1.3 Konsep Dasar Sintaksis

Saméméh medar leuwih jauh ngeunaan sintaksis, dipedar heula ngeunaan konsep dasar nu anu aya patalina jeung ulikan sintaksis. Konsep dasar nu aya patalina jeung sintaksis, nya éta (1) fungsi, kategori, jeung peran sintaksis; (2) alat-alat sintaksis, jeung (3) unit-unit sintaksis.

1.3.1 Fungsi, Kategori, jeung Peran Sintaksis

Istilah fungsi, kategori, jeung peran sering disabit dina pedaran bab-bab saterusna. Ku kituna, éta istilah téh dijéntrékeun leuwih ti heula dina pedaran ieu di handap.

1.3.1.1 Fungsi Sintaksis


Fungsi sintaksis (fungsi) nya eta sabangsaning “*kotak-kotak*” atawa tempat-tempat dina adegan (struktur) sintaksis nu di jerona bakal dieusikeun kategori-kategori nu tangtu (Verhaar, 1978 dina Chaer, 2009:20). Eta “*kotak-kotak*” teh ngaranna jejer (*subjek*), caritaan (*predikat*), udagan (*objek*), panglengkep (*komplemén*), jeung keterangan (keterangan). Ilaharna dina basa Sunda susunan fungsi sintaksis ngabogaan pola sakumaha anu dibagankeun di handap ieu, sok sanajan dina prakna kagiatan makéna basa sacara empiris, éta pola téh teu salawasna sarua.

J	C	U/Pang.	Kat.
---	---	---------	------

1.3.1.2 Kategori Sintaksis

Kategori sintaksis nya eta warna atawa tipe kecap atawa frasa nu ngeusian fungsi-fungsi sintaksis. Kategori sintaksis aya patalina jeung istilah nomina, verba, ajektifa, adverbial, numeralia, préposisi, konjungsi, jeung pronomina (Chaer, 2009:27). Nu ngeusian kategori sintaksis téh mangrupa bisa mangrupa wangun kecap bisa mangrupa frasa.

Kategori sintaksis téh dibagi dua, nya éta kategori utama jeung kategori tambahan. Sangkan leuwih jéntré ngeunaan kategori sintaksis, bisa dititénan dina bagan di handap ieu.



**Bagan 2
Kategori Sintaksis**

1.3.1.3 Peran Sintaksis

Chafe (1970) dina Chaer (2009:29) ngébréhkeun yén verba atawa kecap pagawéan nu ngeusian fungsi caritaan mangrupa puseur semantik tina hiji klausa (istilah nu digunakeun ku paraahli semantik generatif nya éta *proposisi*)

Peran sintaksis (atawa disebut ogé peran) nya eta hubungan antara kategori nu ngeusian fungsi sintaksis nu hiji jeung fungsi sintaksis nu séjéenna.

Masing-masing fungsi sintaksis ngabogaan peran anu bédá-beda. Ieu di handap diébréhkeun peran tina masing-masing fungsi sintaksis.

a. Peran jejer

Peran nu ngeusian fungsi jejer di antarana palaku, alat, sabab, pangrandap, hasil, tempat, panampa, piwanoh, nu ngalaman, jeung sumber. Leuwih jéntréna bisa dititénan dina conto ieu di handap.

- 1) *Maman keur maca buku.*
- 2) *Delman Mang Suhadi dipaké narikan béas.*
- 3) *Angin puyuh téh ngarungkadkeun tatangkalan.*
- 4) *Raheutna dikumbah ku cihaneut ati-ati pisan.*
- 5) *Panyungsi Sastra disusun ku Prof.Dr.Yus Rusyana.*
- 6) *Sawahna dipelakan paré gapuk.*
- 7) *Kuring dibéré baju ku lanceuk.*
- 8) *Anu nangtung téh adi kuring.*
- 9) *Adit leungit buku.*
- 10) *Pa Lurah maparin sedekah ka masarakat kurang mampuh.*

b. Peran caritaan

Peran nu ngeusian fungsi caritaan, nya éta kalakuan, proses, kajadian, kaayaan, milik, identitas, jeung kuantitas. Leuwih jéntréna bisa dititénan dina conto ieu di handap.

- 1) *Inten keur maca buku di tepas.*
- 2) *Tangkal cau téh ngajangkungan.*
- 3) *Beurang tadi aya mobil *tubrakan* lebah Pengkolan Dadap.*
- 4) *Éta sawah *kagungan* Kuwu Cileungsi.*
- 5) *Papacangananana téh guru.*

- 6) Sawah jeung kebonna *satungtung deuleu*.
- c. Peran udagan
 Peran nu ngeusian fungsi udagan, nya éta sasaran, hasil, jeung nu narima kauntungan (benefaktif). Contona dina kalimah ieu di handap.
- 1) Dudung najong *bal* sataker kebek.
 - 2) Asep keur nulis *carpon* keur saembara.
 - 3) Dudi mangalakeun jambu keur *adina*.
- d. Peran panglengkep
 Sacara semantis panglengkep bisa nuduhkeun rupa-rupa peran atawa harti kayaning pangrandap, kalakuan, alat, kaayaan, pangjumlahah, jeung katerangan. Contona saperti dina kalimah ieu di handap
- 1) Kuring téh keur diajar *basa Sunda*.
 - 2) Barudak téh resep *ngarajay*.
 - 3) Sakapeung mah manéhna téh sok diitung *anak bawang*.
 - 4) Nyi Heni téh katarajang *nyeri beuteung*.
 - 5) Embé kuring téh nambahán *deui hiji*.
 - 6) Manéh mah lumampah *kawas budak*.
- e. Peran keterangan
 Peran nu ngeusian fungsi keterangan, nya éta alat, tempat, waktu, asal, jeung modalitas. Contona dina kalimah ieu di handap.
- 1) Isni ngeureutan bolu *ku péso*.
 - 2) Nina gagancangan muru *ka kontrakana*.
 - 3) *Basa kuring keur di kampus*, manéhna balik ka lemburna.
 - 4) Raisa kakara datang *ti Rancah*.
 - 5) *Pasti* manéhna datang.

1.3.2 Alat-alat Sintaksis

Runtuyan fungsi J, C, U, Pang, jeung Kat. ilaharna disebut adegan. Eta runtuyan teh aya nu kudu tetep aya oge anu henteu. Dina ieu hal J salawasna miheulaan C, jeung C salawasna miheulaan U, ari Kat. bisa cicing di awal klausa bisa oge di ahir klausa (Chaer, 2009:33).

Adegan (struktur) sintaksis “taat” kana alat-alat sintaksis, nya eta:

- 1) runtuyan kecap;
- 2) wangun kecap;
- 3) lentong; jeung
- 4) panyambung (*konektor*)

1.3.3 Unit-unit Sintaksis

Chaer (2009:37) nétélakeun yén nu kawengku ku unit-unit sitaksis téh, nya éta ti mimiti kecap, frasa, klausa, kalimah, jeung wacana. Chaer boga pamadegan yén kecap ngabogaan dua status, nya éta mangrupa unit panggedéna dina tataran morfologi jeung mangrupa unit pangleutikna dina tataran sintaksis.

Dina ieu buku, urang gugon kana hal anu geus diébréhkeun dina sub pokop pedaran ngeunaan kalungguhan sintaksis anu dijéntrékeun deui dina bagan 1 (adegan basa), sacara hierarkial unit-unit sintaksis téh ngawengku frasa, klausa, kalimah, jeung wacana. Éta hal didadasaran ku pamadegan yén kecap mangrupa salah sahiji unit basa anu diulik ku morfologi salian ti morfém. Sajaba ti éta, kecap cukup dikategorikeun salaku salah sahiji alat sintaksis.

Alesan séjénna, sakumaha anu geus ditétélakeun dina wangenan yén sintaksis téh nya éta salah sahiji cabang tina tata basa anu ngulik, maluruh, jeung medar *frasa*, *klausa*, *kalimah*, jeung *wacana* katut patali gramatik antarkonstruksina.

Tingkesan

Tata basa mangrupa hiji tiori anu ngagambarkeun cara basa lumampah jeung dipaké ku masarakat basa. Chomsky (1968:3) nétélakeun yén tata basa téh nya éta sageblengna kaidah basa anu nyangkaruk dina jiwa pamaké basa pikeun ngatur pamakéan basa. Tata basa ngawengku dua widang élmu: tata kecap (morfologi) jeung tata kalimah (sintaksis). Morfologi medar adegan morfem jeung kecap, ari sintaksis medar adegan frasa, klausa, kalimah, jeung wacana.

Sintaksis dina basa Sunda ilahar disebut *tata kalimah*. Sacara etimologi, sintaksis atawa tata kalimah téh nya éta aturan nata kalimah. Cindekna sintaksis téh nya éta salah sahiji cabang tina tata basa anu ngulik, maluruh, jeung medar frasa, klausa, kalimah, jeung wacana katut patali gramatik antarkonstruksina.

Fungsi sintaksis (fungsi) nya eta sabangsaning “*kotak-kotak*” atawa tempat-tempat dina adegan (struktur) sintaksis nu di jerona bakal dieusikeun kategori-kategori nu tangtu. Fungsi sintaksis teh ngawengku jejer (*subjek*), caritaan (*predikat*), udagan (*objek*), panglengkep (*komplemén*), jeung keterangan (keterangan).

Kategori sintaksis nya eta warna atawa tipe kecap atawa frasa nu ngeusian fungsi-fungsi sintaksis. Kategori sintaksis aya patalina jeung istilah nomina, verba, ajektifa, adverbial, numeralia, préposisi, konjungsi, jeung pronomina.

Peran sintaksis nya eta hubungan antara kategori nu ngeusian fungsi sintaksis nu hiji jeung fungsi sintaksis nu séjénna.

Adegan (struktur) sintaksis “taat” kana alat-alat sintaksis. Nu kaasup kana alat-alat sintaksis téh, nya éta runtulan kecap, wangun kecap, lentong, jeung panyambung (*konektor*).

Sacara hierarkial unit-unit sintaksis téh ngawengku frasa, klausa, kalimah, jeung wacana.

Latihan

Jawab soal ieu di handap!

1. Jéntrékeun istilah tata basa nurutkeun pamadegan Chomsky!
2. Jéntrékeun sub sistem basa nu kaasup kana tata basa!
3. Jéntrékeun ngeunaan istilah fungsi, kategori, jeung peran sintaksis!
4. Adegan sintaksis taat kana alat-alat sintaksis. Tataan naon waé nu kaasup kana alat-alat sintaksis!
5. Jieun bagan sarta jéntrékeun kalungguhan sintaksis dina sistem basa!
6. Unit-unit basa naon waé nu kawengku ku ulikan sintaksis?

BAB II

FRASA

Tujuan Pangajaran

Saréngséna maca ieu bab, dipiharep sadérék mampuh

- a. ngajéntrékeun wangenan frasa ti sababaha para ahli;
- b. nerangkeun ciri-ciri frasa basa Sunda;
- c. ngajéntrékeun papasingan frasa basa Sunda;
- d. nganalisis wanda frasa dina wacana basa Sunda; jeung
- e. nganalisis warna frasa dina wacana basa Sunda;

2.1 Wangenan Frasa

Anu dimaksud frasa nya éta konstruksi gramatik anu diwangun ku dua kecap atawa leuwih anu henteu predikatif sarta nyicingan hiji fungsi dina klausa atawa dina runtusan kecap (Prawirasumantri, 2000: 156). Ramlan (1986: 142) méré wangenan frasa téh nya éta wangun gramatik nu ngawengku dua kecap atawa leuwih nu teu ngaliwatan wates fungsi (*frasa ialah satuan gramatik yang terdiri dari dua kata atau lebih yang tidak melampaui batas fungsi*). Nurutkeun Parera (1991: 32) frasa nya éta hiji konstruksi nu bisa diwangun ku dua kecap atawa leuwih, boh dina wangu hiji pola dasar kalimah boh lain.

Kalimah bisa dianggap mangrupa runtusan kecap-kecap anu puguh adeganana. Ieu téh nuduhkeun yén pangdeudeul kalimah téh bisa kecap bisa gundukan kecap-kecap ngawangun hiji beungkeutan sintaksis pangleutikna. Éta sababna, Samsuri (1985:93) nétélakeun yén frasa nya éta wanguan sintaksis pangleutikna anu jadi pangdeudeul kalimah.

M. Blance Lewis (1963:16) dina *Sentence Analysis in Modern Malaysia* nyebutkeun yén frasa nya éta “*sequences of two or more word below téh rule of clause and among téh re obtain interior relationship*”. Leuwih jéntré deui (Mc. Crimmon, 1967:382) nyebutkeun yén frasa nya éta “*a group of two or more word acting as a single function unit in a sentence but not having a subject and verb of its own*”.

Frasa diwangun ku dua kecap atawa leuwih nu poténsina teu mibanda ciri klausa (Cook, 1971:91) atawa henteu predikatif (Kridalaksana, 1982:46). Gundukan kecap nu disebut frasa téh henteu ngaliwatan wates fungsi). Ku kituna, Ramlan (1987:151) nétélakeun yén frasa téh nya éta wangun gramatik anu diwangun ku dua kecap atawa leuwih sarta teu ngaliwatan wates fungsi J, C, U, Pang, atawa Kat.

Chaer (2003 : 222) nétélakeun yén frasa nya éta satuan gramatikal nu mangrupa gabungan kecap nu sipatna nonpredikatif, atawa gabungan kecap nu ngeusian salah sahiji fungsi sintaksis dina kalimah.

Tina pamadegan-pamadegan di luhur bisa dicindekkeun frasa téh nya éta wangun gramatik anu diwangun ku dua kecap atawa leuwih anu nyicingan hiji fungsi dina klausa atawa kalimah tur teu predikatif. Contona,

Dudung / keur maca / buku.

J C U

Tina kalimah di luhur upama dianalisis fungsina, *Dudung* mangrupa jejer, *keur maca* fungsina caritaan, jeung *buku* mibanda fungsi udagan. Upama dititénan, saluyu

jeung wangenan frasa di luhur tépéla éta kalimah téh ngan mibanda hiji frasa nya éta frasa *keur maca*. Wangun *keur maca* dina éta kalimah nyicingan hiji fungsi nu mangrupa caritaan tur diwangun ku dua kecap *keur jeung maca*. Sajaba ti éta wangun *keur maca* teu mangrupa wangun anu predikatif (teu mibanda tatali fungsi jejer-caritaan).

- Tina wangenan jeung conto di luhur, urang bisa nataan ciri-ciri téh nya éta
- Frasa mangrupa wangun katatabasaan (gramatik) anu jadi pangdeudeul kalimah;
 - Frasa mangrupa wangun katatabasaan anu sakurang-kurangna diwangun ku dua kecap;
 - Frasa mangrupa wangun katatabasaan anu nyicingan salah sahiji fungsi dina klausua, nya éta fungsi J, C, O, Pang, atawa Kat;
 - Frasa mangrupa wangun katatabasaan anu henteu predikatif, henteu ngabogaan ciri-ciri klausua, atawa henteu ngaliwatan wates fungsi.


Contona frasa *kuring mah, kakara balik, ti lembur*, dina klausua *Kuring mah kakara balik ti lembur* disebut frasa. Ari sababna, éta wangunan téh masing-masing mangrupa gundukan dua kecap turta nyicingan hiji fungsi dina klausua. Frasa *kuring mah* nyicingan fungsi jejer, *kakara balik* nyicingan fungsi caritaan, *ti lembur* nyicingan fungsi keterangan.

2.2 Wanda Frasa

Nurutkeun Chaer (2003: 225) wanda frasa téh aya opat, nya éta 1) frasa éksoséntrik, 2) frasa endosentrik (disebut ogé frasa subordinatif atawa frasa modifikatif), 3) frasa koordinatif, jeung 4) frasa apositif.

Prawirasumantri (1993: 125) ngabagi wanda frasa dumasar kana sasaruaan distribusina jeung unsur-unsurna, jadi dua tipe nya éta 1) frasa éndoséntrik, jeung 2) frasa éksoséntrik.

Salian ti éta, frasa ogé bisa digolongkeun dumasar kana patali gramatik antar unsurna. Dumasar kana patali gramatik antar unsurna, frasa endosentrik dibagi jadi lima wanda, nya éta 1) frasa atributif (modifikatif), 2) frasa apositif, 3) frasa koordinatif, 4) frasa objektif, jeung 5) frasa konektif. Ari frasa éksoséntrik dibagi jadi dua tipe, nya éta 1) frasa diréktif, jeung 3) frasa rélatif. Sangkan leuwih jéntré, titénan bagan tipe frasa ieu di handap.



Bagan 3 Wanda Frasa

2.2.1 Frasa Endosentrik

Frasa endosentrik nya éta frasa anu mibanda unsur puseur sarta dina distribusina mibanda fungsi anu sarua jeung salah sahiji atawa sakabeh unsurna.

Dumasar kana patali gramatik antar unsurna, frasa endosentrik dibagi jadi lima wanda, nya éta: 1) frasa atributif (modifikatif), 2) frasa apositif, 3) frasa koordinatif, 4) frasa objektif, jeung 5) frasa konektif.

2.2.1.1 Frasa Atributif (*Modifikatif*)

Frasa atributif nya éta frasa anu puseurna ngan hiji atawa dina distribusina ngan mibanda fungsi anu sarua jeung salah sahiji unsurna.

Conto:

Lanceuk kuring / rék ujian / poé isuk.

Lanceuk - / rék ujian / poé isuk.

Lanceuk kuring / - ujian / poé isuk.

Lanceuk kuring / rék ujian / - isuk.

Wangun *lanceuk kuring, rék ujian, jeung poé isuk* masing-masing mangrupa frasa atributif lantaran ngabogaan hiji unsur puseur, nya éta *lanceuk, ujian jeung isuk*.

2.2.1.2 Frasa Apositif

Frasa apositif nya éta frasa anu unsur-unsurna satata nepi ka bisa siligenti. Unsur puseurna sarua, sarta unsur nu kadua sakaligus mapakan (jadi oposisi) pikeun unsur nu kahiji.

Conto:

Dudung, lanceuk kuring, / keur kuliah / di kota.

Dudung, - / keur kuliah / di kota.

- lanceuk kuring, / keur kuliah / di kota.

Wangun *Dudung, lanceuk kuring* mangrupa frasa apositif lantaran posisi unsur *Dudung* jeung unsur *lanceuk kuring* satata bisa siligenti.

2.2.1.3 Frasa Koordinatif

Frasa koordinatif nya éta frasa anu unsur-unsurna satata. Wangun frasa koordinatif aya anu ngandung kecap panyambung aya ogé anu henteu, tapi tetep bisa diseselan ku kecap panyambung satata (koordinator) atawa, boh...boh..., jeung.

Conto:

Indung bapa / kudu dibagjakeun / ku urang salaku anakna.

*Ti saprak /manéhna / miang /beurang peuting /kuring /teu weléh nganti-
nganti.*

Kuring atawa manéhna / sarua nyaahna?

Boh kuring boh manéhna / can kabagéan jatah.

2.2.1.4 Frasa Objéktif

Frasa objektif nya éta frasa anu unsur kadua mangrupa panglengkep unsur nu kahiji nu mangrupa kecap atawa frasa pagawéan.

Frasa objektif ngan bisa nyicingan fungsi jejer wungkul dina klausa atawa kalimah, teu bisa dilarapkeun kana fungsi séjén.

Conto:

Nginum susu / gedé gunana / pikeun kasehatan.

Maca buku / loba mangpaatna.

2.2.1.5 Frasa Konéktif

Frasa konektif nya éta frasa anu unsur kahijina mangrupa panyambung (konektor) anu nyambungkeun unsur kaduana nu mangrupa caritaan kana jejer kalimah atawa klausa.

Conto:

Adina / jadi guru.

Manéhna / ibarat gagantina.

Korupsi / mangrupa kajahatan.

2.2.2 Frasa Éksoséntrik

Frasa eksoséntrik nya éta frasa anu teu mibanda unsur puseur; ku kituna, dina distribusina hentu mibanda fungsi nu sarua jeung sakabeh unsurna. Dumasar kana adegan unsurna, frasa eksoséntrik dibagi jadi tilu, nya éta frasa diréktif, frasa konektif, jeung frasa rélatif.

2.2.2.1 Frasa Diréktif

Frasa diréktif nya éta frasa anu diwangun ku pananda (diréktor; *relator*) dituturkeun ku tinanda (sumbu, aksis). Pananda dina frasa diréktif umumna kecap pangantét. Aksisna bisa mangrupa kecap atawa frasa nominal, verbal, adjektival, jeung numeral, contona frasa *di imah, ka pasar, kalayan hadé, keur kuring*.

2.2.2.2 Frasa Rélatif

Frasa rélatif nya éta frasa anu diwangun ku kecap (*a*)*nu* salaku pananda, dituturkeun ku kecap atawa frasa barang, pagawéan, sipat, bilangan, jeung frasa pangantét salaku aksisna. Ieu frasa kagolong frasa eksoséntris, ari kategorina kana frasa barang.

Conto:

anu manéhna

nu digarawé

nu hideung santen

nu saurang téa

Jaba ti éta, aya nu diwangun ku kecap sandang dituturkeun ku kecap atawa frasa golongan séjén, contona:

si éplok céndol

si hideung santen

si méncrang

2.3 Warna Frasa

Nurutkeun sasaruaan distribusina jeung kategori kecap atawa warna kecap anu jadi unsur puseurna, warna frasa téh dibagi genep, nya éta:

- frasa barang;

- b) frasa pagawéan;
- c) frasa sipat;
- d) frasa bilangan;
- e) frasa keterangan; jeung
- f) frasa pangantét.

Ari frasa pangantét mah mangrupa frasa disawang tina unsur pananda frasana anu mangrupa kecap pangantét. Lantaran frasa pangantét mah teu ngabogaan sasaruaan distribusi antar unsur-unsurna.

2.3.1 Frasa Barang

Frasa barang (nomina) nya éta frasa anu salah sahiji atawa sakabéh unsurna sarua distribusina jeung unsur puseurna nu mangrupa kecap barang. Contona frasa *baju hideung* dina klausa *Manéhna meuli baju hideung ti pasar*.

Manéhna meuli baju hideung ti pasar.

Manéhna meuli baju - ti pasar.

2.3.1.1 Wangun Frasa Barang

Nilik kana adegan warna kecapna, frasa barang mibanda adegan:

- 1) kecap barang + kecap barang, contona: *indung bapa, mobil kuring, sangu kamari*.
- 2) kecap barang + kecap pagawéan, contona: *dosén nulis, awéwé ditiung, babaturan maénbal*.
- 3) kecap barang + kecap sipat, contona: *jalma senang, baju alus, budak geulis*.
- 4) kecap barang + kecap bilangan, contona: *mobilna dua, kantorna hiji, budak kalima*.
- 5) kecap barang + frasa pangantét, contona: *surat ti manéhna, imah di Bandung*
- 6) kecap bilangan + kecap barang, contona: *saturuy cau, lima mobil*.

2.3.1.2. Harti Frasa Barang

Dumasar patali semantis antarunsumra, frasa barang dibédakeun jadi 14, nya éta:

1) Frasa Barang Jumlah

Frasa barang jumlah nya éta frasa barang anu patali harti antarunsumra nuduhkeun *jumlah*. Ieu frasa mangrupa frasa éndoséntrik koordinatif.

Contona:

*sandang pangan
ibu sareng bapa
kuring, Ani, jeung manéhna*

2) Frasa Barang Pamilih

Frasa barang pamilih nya éta frasa barang anu patali harti antarunsumra nuduhkeun *pamilih*. Ruas-ruas puseurna dieusian ku kecap/frasa barang nu biasana dikantétkeun ku kecap panyambung anu nuduhkeun pamilih, nya éta *atawa, atanapi, boh...boh*. Ieu frasa mangrupa frasa éndoséntrik koordinatif.

Contona:

*kuring atawa manéhna
abdi atanapi pun adi
boh méja boh korsi*

3) Frasa Barang Sasaruaan

Frasa barang sasaruaan nya éta frasa barang anu patali harti antarunsurna nuduhkeun *sasaruaan*, unsur kahiji sarua jeung unsur kadua. Ieu frasa mangrupa frasa éndoséntrik apositif.

Contona:

Siti, babaturan lanceuk kuring
Garut, kota intan

4) Frasa Barang Pangjéntré

Frasa barang pangjéntré nya éta frasa barang anu patali harti antarunsurna nuduhkeun *pangjéntré*. Ieu frasa mangrupa frasa éndoséntrik *atributif*.

Contona:

budak calakan
jalma ngumbara
kalapa samanggar
suuk ti kebon urang

5) Frasa Barang Milik

Frasa barang milik nya éta frasa barang anu patali harti antarunsurna nuduhkeun *milik*. Ieu frasa mangrupa frasa éndoséntrik *atributif*, aya ogé nu kaasup frasa éksoséntrik relater aksis.

Contona:

buku kuring
sawah Abah
imahna Bah Ahid
mobil manéhna

6) Frasa Barang Tujuan

Frasa barang tujuan nya éta frasa barang anu patali harti antarunsurna nuduhkeun *tujuan, guna, mangpaat*. Ieu frasa mangrupa frasa éndoséntrik *atributif*.

Contona:

buruan tempat ulin
lapang maen bal
jalma geusan pamuntangan
kanyaah keur adi-adi

7) Frasa Barang Bahan

Frasa barang bahan nya éta frasa barang anu patali harti antarunsurna nuduhkeun *bahan*. Ieu frasa mangrupa frasa éndoséntrik *atributif*.

Contona:

geulang bahar
sapatu kulit imitasi
korsi hoé.

8) Frasa Barang Asal

Frasa barang asal nya éta frasa barang anu patali harti antarunsurna nuduhkeun *asal/buatan*. Ieu frasa mangrupa frasa éndoséntrik *atributif*.

Contona:

bedog Ciwidéy

peuyeum Bandung
tahu Sumedang

9) Frasa Barang Panangtu

Frasa barang panangtu nya éta frasa barang anu patali harti antarunsurna nuduhkeun *panangtu*, *panuduh*, *panganteb*. Ieu frasa mangrupa frasa éndoséntrik *atributif*.

Contona:

buku ieu
éta imah
kuring téh
saha téa.

10) Frasa Barang Hasil

Frasa barang hasil nya éta frasa barang anu patali harti antarunsurna nuduhkeun *hasil*. Ieu frasa mangrupa frasa éndoséntrik *atributif*.

Contona:

hasil pangwangunan
karangan rékaan
sawah warisan.

11) Frasa Barang Sesebutan

Frasa barang sesebutan nya éta frasa barang anu patali harti antarunsurna nuduhkeun *sesebutan*. Ieu frasa mangrupa frasa éndoséntrik *atributif*.

Contona:

Si Umar
Haji Duloh
Ibu Dosén

12) Frasa Barang Pamungkir

Frasa barang pamungkir nya éta frasa barang anu patali harti antarunsurna nuduhkeun *pamungkir* atawa *negatif*. Ieu frasa mangrupa frasa éndoséntrik *atributif*.

Contona:

lain karéta api
lain jelema
lain nu diajar

13) Frasa Barang Waktu

Sudaryat nétélakeun yén frasa barang waktu nya éta frasa barang anu umumna nyicingan fungsi keterangan dina klausna sarta digunakeun pikeun nuduhkeun 'waktu'. Ieu frasa téh ku Ramlan (1987:177) disebut frasa keterangan.

Contona:

peuting kamari
minggu hareup
lima menit deui
tanggal 10 Pébruari 1963
taun 2000
abad katujuh belas

14) Frasa Gaganti

Frasa gaganti nya éta frasa barang anu mibanda distribusi nu sarua jeung kecap gaganti, nya éta kecap anu dipaké pikeun nyuluran kecap barang séjén.

Contona:

Kuring duaan
Manéhna sorangan
Urang, bangsa Indonésia
Anjeun sorangan

2.3.2 Frasa Pagawéan

Frasa pagawéan nya éta frasa anu salah sahiji atawa sakabéh unsurana sarua distribusina jeung unsur puseur anu mangrupa kecap pagawéan. Contona frasa *keur nguseup* dina klausia "Manéhna keur nguseup di balong kuring".

Manéhna *keur nguseup* di balong kuring.

Manéhna - *nguseup* di balong kuring.

Frasa *keur nguseup* kaasup frasa pagawéan, lantaran éta frasa sarua distribusina jeung kecap pagawéan *nguseup*.

Contona séjenna:

geus mandi
kakara indit
kudu balik
teu ngimpi-ngimpi acan

2.3.2.1 Wanda Frasa Pagawéan

Nurutkeun kategori kecap pagawéan anu jadi unsur puseurna frasa pagawéan dibagi jadi salapan.

1) Frasa Pagawéan Tanlaju

Frasa pagawéan tanlaju (transitif) nya éta frasa pagawéan anu unsur puseurna mangrupa kecap pagawéan nu teu mikabutuh udagan.

Contona:

Barudak *keur maraén bal*.
Junéd *keur saré*.

2) Frasa Pagawéan Ekalaju

Frasa pagawéan ekalaju (monotransitif) nya éta frasa pagawéan anu unsur puseurna mangrupa kecap pagawéan nu mikabutuh udagan.

Contona:

Treuk téh *keur ngakutan* keusik.
Manéhna *keur nulis* surat.
Popoéan téh sok *kadupakan* nu ngaliwat.

3) Frasa Pagawéan Dwilaju

Frasa pagawéan dwilaju (bitransitif) nya éta frasa pagawéan anu unsur puseurna mangrupa kecap pagawéan nu ngandung udagan jeung panglengkep.

Contona:

Manéhna *rék méré* buku ka kuring.
Indungna *keur dipangngalakeun* suluh ku Jumad.

4) Frasa Pagawéan Madyalaju

Frasa pagawéan madyalaju (semitransitif) nya éta frasa pagawéan anu unsur puseurna mangrupa kecap pagawéan nu dituturkeun panglengkep.

Contona:

Mang Dudung *keur dagang* bubur.

5) Frasa Pagawéan Kahanan

Frasa pagawéan kahanan (eksesif) nya éta frasa pagawéan anu unsur puseurna mangrupa kecap pagawéan anu nétélakeun aya-euweuhna hiji hal atawa barang nu diébréhkeun ku kecap *aya* atawa *euweuh*.

Contona:

Isukan téh *rék aya* sémah.

6) Frasa Pagawéan Migawé

Frasa pagawéan migawé (aktif) nya éta frasa pagawéan anu unsur puseurna mangrupa kecap pagawéan migawé.

Contona:

Réna *keur nulis* surat.

7) Frasa Pagawéan Dipigawe

Frasa pagawéan dipigawé (pasif) nya éta frasa pagawéan anu unsur puseurna mangrupa kecap pagawéan dipigawé.

Contona:

Komputer téh *keur diinstall* ku Maman.

8) Frasa Pagawéan Migawé Manéh

Frasa pagawéan migawé manéh (refleksif) nya éta frasa pagawéan anu unsur puseurna mangrupa kecap pagawéan migawé manéh.

Contona:

Manéhna *keur moyan*.

Manéhna *teu ngaji diri*.

9) Frasa Pagawéan Silihbales

Frasa pagawéan silihbales (résiprokal) nya éta frasa pagawéan anu unsur puseurna mangrupa kecap pagawéan silihbales.

Contona:

Maranéhna *keur silihpelong*

Barudak *keur pasimbeuh-simbeuh* di walungan.

2.3.2.2 Wangun Frasa Pagawéan

Dumasar kategorina, frasa pagawéan mibanda adegan:

- 1) kecap pagawéan + kecap pagawéan, contona: *ngeuruet neundeun, dahar bari nyarande*.
- 2) kecap panambah + kecap pagawéan, contona: *jung nangtung, arék indit, geus perlaya*.
- 3) kecap pagawéan+ kecap panambah, contona: *balik deui, saré kénéh*

2.3.2.3 Harti Frasa Pagawéan

Dumasar patali harti (semantis) antarunsur pangwangunna, frasa pagawéan dina basa Sunda nuduhkeun harti

- 1) 'jumlah', contona: *maca jeung nulis*
- 2) 'pamilih', contona: *nyeuseuh atawa ngaput*

- 3) 'pamungkir' contona: *teu daékeun didua*.
- 4) 'aspek' nya éta harti nu nuduhkeun kumaha lumangsungna kajadian atawa kaayaan. Harti aspék di antarana:
 - (1) Harti aspék 'bakal lumangsung' (*futuritif*), contona: *hayang dahar*
 - (2) Harti aspék 'keur lumangsung' (*duratif*), contona: *keur mandi*
 - (3) Harti aspék 'geus lumangsung' (*perfektif*), contona: *parantos ngantunkeun*.
 - (4) Harti 'frékuensi' (*fréquentatif*), contona: *mindeng balik*
- 5) 'modalitas' nya éta harti nu nuduhkeun sikep panyatur atawa nu nulis kana hal nu dicaritakeun. Harti modalitas ngawengku harti:
 - (1) 'kapastian', contona *pasti balik, tangtos sumping*
 - (2) 'idin', contona *kéngéng mulih, meunang dahar*
 - (3) 'kamampuh', contona *bisa ditulis, tiasa midamel*
 - (4) 'kamungkin', contona *panginten arangkat, meureun baralik*
 - (5) 'kasanggupan', contona *sanggup bérés, sanggup isukan*
 - (6) 'pamaksa', contona *kudu daék*

2.3.3 Frasa Sipat

Frasa sipat nya éta frasa anu salah sahiji atawa sakabéh unsurna sarua distribusina jeung unsur puseurna anu mangrupa kecap sipat. Contona frasa *jangkung lenjang* dina kalimah kieu:

Babaturanana nu ayeuna mah *jangkung lenjang*.

Babaturanana nu ayeuna mah *jangkung -*.

Babaturanana nu ayeuna mah *- lenjang*.

Conto séjénna :

kacida hadé
alus kénéh
babari pisan
leuwih gedé

2.3.3.1 Wangun Frasa Sipat

Sacara kategori frasa sipat mibanda adegan kieu:

- 1) kecap sipat + kecap sipat, contona: hideung meles, beureum euceuy, hejo ngagedod.
- 2) kecap sipat + kecap panambah, contona: luhur kénéh, alus pisan, leutik kacida.
- 3) kecap panambah + kecap sipat, contona: leuwih hade, kacida goreng, teu pati ngeunah

2.3.3.2 Harti Frasa Sipat

Nurutkeun patali harti antarunsurna, frasa sipat mibanda fungsi nuduhkeun harti:

- 1) 'jumlah', contona: *bageur jeung lungguh, bolas hidueng*
- 2) 'pamilih', contona: *jangkung atawa pendék, alus atawa goréng*
- 3) 'babandingan', contona: *leuwih hade, kacida gedé, kurang loba*
- 4) 'tahap mapakan (ekuatif)', contona: *sarua mencrangna, sarua bodona*
- 5) 'aspek', contona: *can beureum, bakal ruksak, geus asak, keur hadé*
- 6) 'modalitas', contona: *hamo burung gedé, pasti anyar, kudu adil, boa-boa gering*
- 7) 'pangjétré', contona: *beureum saheab, koneng umyang*

2.3.4 Frasa Bilangan

Frasa bilangan nya éta frasa anu salah sahiji atawa sakabéh unsur surna sarua distribusina jeung unsur puseurna nu mangrupa kecap bilangan. Contona frasa *dua deui* dina kalimah

Mobilna téh / ayeuna mah / *dua deui*.

Mobilna téh / ayeuna mah / *dua* - .

Contona sejenna:

genep kali

dua manggar (kalapa)

dalapan kantet (peuteuy)

2.3.4.1 Wangun Frasa Bilangan

Dumasar kategorina, frasa bilangan mibanda adegan kieu:

- 1) kecap bilangan + kecap barang, contona: *dua gedeng, lima turuy, dua papan*.
- 2) kecap bilangan + kecap panambah, contona: *tilu kali, lima leuwih*.
- 3) kecap panambah + kecap bilangan, contona: *kari lima, ngan saturuy, hayang dua*.

2.3.4.2 Harti Frasa Bilangan

Nurutkeun patali harti antarunsurna, frasa bilangan téh nuduhkeun harti:

- 1) 'titikelan' contona *sapuluh kali, lima kali*
- 2) 'jumlah' contona *dua likur, tilu urang*
- 3) 'wates' contona *saratus deui, ngan saésé, kantun dalapan, kari hiji*
- 4) 'aspek' contona *geus opat, can dua, rék dua, kakara hiji, bakal tilu*
- 5) 'pamungkir' contona *lain genep, embung tilu*

2.3.5 Frasa Pangantét

Dumasar distribusina frasa pangantét (*préposisi*) nya éta frasa anu henteu sarua distribusina jeung salah sahiji atawa sakabéh unsur surna, kagolong kana frasa éksoséntrik. Ieu frasa teu miboga unsur puseur. Cirina frasa pangantét téh dimimitian ku pananda anu mangrupa kecap pangantét atawa preposisi. Contona, frasa *ka Bandung* dina kalimah

Geus sabulan / kulawargana pindah / *ka Bandung*.

Geus sabulan / kulawargana pindah / *ka* - .

Geus sabulan / kulawargana pindah / - *Bandung*.

Tina conto kalimah di luhur, tépéla pisan yén frasa pangantét mangrupa frasa éksoséntrik, lantaran sakabéh unsur surna euweuh anu sarua distribusina, teu miboga unsur puseur, iwal anu jadi panandana anu mangrupa kecap pangantét *ka*. Conto sejenna: *di laut, ti isuk jedur, kana beca*

2.3.5.1 Harti Frasa Pangantét

Sacara semantis Sudaryat (1989) ngébréhkeun yén frasa pangantét mibanda harti anu muncul balukar tepungna kecap pangantét salaku panada jeung kecap atawa frasa lian salaku aksisna. Jadi, kecap pangantét téh mibanda fungsi pikeun nuduhkeun rupa-rupa tatali harti.

Di handap ieu rupa-rupa tatali harti dina frasa pangantét.

- 1) Harti 'pakakas', dituduhkeun make kecap pangantét *ku, kalayan*, contona:
Kuring neunggeul oray ku tangkal sampeu.
Anjeunna biantara kalayan asmana Ajip Rosidi.
- 2) Harti 'alesan', dituduhkeun ku kecap pangantét *kana, lantaran*, contona:
Kuring moal baha, kana sagala putusan.

Lantarana usulna, rapat téh ditunda heula.

- 3) Harti 'antara', contona:
Pasanggiri biantara basa Sunda *antara SMP*.
Antara warga mah kudu silihunkeun.
- 4) Harti 'asal' (tempat, kaayaan, bahan, waktu), contona:
Ari kawit mah *ti Tasik*.
Sapatuna téh *tina kulit*.
Ti Taun 1950 manéhna digawé di dinya téh.
- 5) Harti 'wates pungkas', contona:
Budak téh pinter, geus bisa ngitung *ti hiji nepi ka saratus*.
Kuring ngawangkong jeung manéhna nepi ka subuh.
- 6) Harti 'perkara', contona:
Ngeunaan éta mah tong dibabawa.
Teu apal nanaon kana hal éta mah.
- 7) Harti 'cara', contona:
Kabiasaan kieu téh baris lumangsung *kalawan lancar*.
Sacara semantis frasa téh mibanda harti anu tangtu.
- 8) Harti 'babandingan', contona:
Beungeutna camohok *kawas careuh bulan*.
Tibatan ayeuna leuwih hade indit isukan.
- 9) Harti 'pangrandap', contona:
Midangkeun karangan teu ngandung harti redaksi panuju *kana eusina*.
- 10) Harti 'pamareng', contona:
Kuring baris miang *jeung manéhna*.
Budak nu cikal mah cicing *jeung ninina*.
- 11) Harti 'tujuan', contona:
Roti éta ulah didahar *keur kuring*.
Nu dipilampah ku kuring téh satemenna mah *pikeun kapentingan jalma rea*.
- 12) Harti 'pangiwal', contona:
Sarereha oge baris datang *iwal kuring*.
Salian kuring mah sarera oge baris datang
- 13) Harti 'palaku', contona:
Sapertos sasari kumargi sasih april diwangun ku lima minggu, *dina minggu anu kalima kujang moal medal*.
- 14) Harti 'perenahna', contona:
Pun bapa mah aya *di bumi*
Sapatu mah *dina kolong meja*

Tingkesan

Frasa téh nya éta wangun gramatik anu diwangun ku dua kecap atawa leuwih anu nyicingan hiji fungsi dina klausa atawa kalimah tur teu predikatif. Ciri-ciri frasa téh, nya éta:

- a) Frasa mangrupa wangun katatabasaan (gramatik) anu jadi pangdeudeul kalimah;
- b) Frasa mangrupa wangun katatabasaan anu sakurang-kurangna diwangun ku dua kecap;
- c) Frasa mangrupa wangun katatabasaan anu nyicingan salah sahiji fungsi dina klausa, nya éta fungsi J, C, U, Pang, atawa Kat;
- d) Frasa mangrupa wangun katatabasaan anu henteu predikatif, henteu ngabogaan ciri-ciri klausa, atawa henteu ngaliwatan wates fungsi.

Dumasar kana patali gramatik antar unsurna, frasa endosentrik dibagi jadi lima wanda, nya éta 1) frasa atributif (modifikatif), 2) frasa apositif, 3) frasa koordinatif, 4) frasa objektif, jeung 4) frasa konektif. Ari frasa eksoséntrik dibagi jadi dua tipe, nya éta 1) frasa diréktif, jeung 3) frasa rélatif.

Frasa endosentrik nya éta frasa anu mibanda unsur puseur sarta dina distribusina mibanda fungsi anu sarua jeung salah sahiji atawa sakabeh unsurna. Dumasar kana patali gramatik antar unsurna, frasa endosentrik dibagi jadi lima wanda, nya éta 1) frasa atributif (modifikatif), 2) frasa apositif, 3) frasa koordinatif, 4) frasa objektif, jeung 5) frasa konektif.

Frasa eksoséntrik nya éta frasa anu teu mibanda unsur puseur; ku kituna, dina distribusina hentu mibanda fungsi nu sarua jeung sakabeh unsurna. Dumasar kana adegan unsurna, frasa eksoséntrik dibagi jadi tilu, nya éta frasa diréktif, frasa konektif, jeung frasa rélatif.

Nurutkeun sasaruaan distribusina jeung kategori kecap atawa warna kecap anu jadi unsur puseurna, warna frasa téh dibagi genep, nya éta 1) frasa barang; 2) frasa pagawéan; 3) frasa sipat; 4) frasa bilangan; 5) frasa keterangan; jeung 6) frasa pangantét. Ari frasa pangantét mah mangrupa frasa disawang tina unsur pananda frasana anu mangrupa kecap pangantét. Lantaran frasa pangantét mah teu ngabogaan sasaruaan distribusina antar unsur-unsurna.

Latihan

Pilih salah sahiji jawaban anu bener!

1. Wangun *keur mépéndé* dina kalimah “Manéhna keur mépéndé budak.” kaasup kana frasa ...

a. konektif	c. koordinatif	é. eksoséntrik
b. éndoséntrik	d. apositif	
2. Wangun frasa ieu di handap kaasup kana frasa éndoséntrik, iwal ...

a. geus dahar	c. can mandi	é. kungsi méré
b. dina méja	d. rék indit	
3. Kategori frasa *nu keur badami* dina kalimah “Nu keur badami téh bangun daria.” kaasup frasa ...

a. sipat	c. barang	é. bilangan
b. keterangan	d. pagawéan	
4. Wangun frasa di handap upama ditilik tina jihat hubungan gramatik antarunsurna nu kaasup kana frasa koordinatif nya éta ...

a. loba mahasiswa	c. nyieun kado	é. dina bangku
b. nulis novel	d. genah tur tumaninah	
5. Wangun frasa ieu di handap kaasup kana frasa eksoséntrik, iwal ...

a. di imah	c. keur digawé	é. kana béca
b. dina saku	d. keur adina	
6. Wangun frasa ieu di handap nu kaasup kana frasa objéktif, nya éta ...

a. Dani, mahasiswa UPI	c. imah kuring	e. basa balanja
b. nyieun langlayangan	d. nu nulis	
7. Papasingan frasa jadi frasa koordinatif, atributif, apositif, konektif jeung objéktif dumasar kana ...

a. sasaruaan distribusina jeung unsurna	d. patali semantis antarunsurna
b. patali gramatik antar unsurna	e. patali hanti antarunsurna
c. kategori kecap nu jadi unsur puseurna	

8. "Manéhna moal burung datang." Kecap *moal burung* kaasup kana

a. aspék	c. modalitas	é. kahanan
b. pamungkir	d. inkoatif	
9. "Kuring *bakal ngahampura* kasalahana." Kecap *bakal ngahampura* kaasup aspék ...

a. iteratif	c. duratif	é. spontanitas
b. futuritif	d. habituatif	
10. Ieu di handap kaasup aspék kompletif

a. bus diabuskeun	c. langka lalajo	é. keur ditéangan
b. tos dipasihkeun	d. haben ditanyakeun	
11. Nu kaasup kana frasa pangantet bahan nya eta

a. dina tarang	c. kana parahu	é. tina luhur kenteng
b. nepi ka dieu	d. tina tipung	
12. Frasa "beuki genah" kaasup kana frasa sipat ...

a. tingkat	b. undak	c. jumlah	d. pamungkir	é. aspék
------------	----------	-----------	--------------	----------
13. ..." sangkan maksud urang tinekanan" kagolong kana wangun frasa keterangan ...

a. akibat	b. Sarat	c. hasil	d. cara	é. tujuan
-----------	----------	----------	---------	-----------
14. Nurutkeun hubungan gramatik antarunsurna frasa "*Kabogohna, jadi pulisi*" mangrupa...

a. frasa konektif	c. frasa atributif	é. frasa direktif
b. frasa objektif	d. frasa apositif	
15. "boh nu itu boh nu ieu" kaasup kana frasa barang ...

a. pangjéntré	b. pamilih	c. jumlah	d. milik	é. tujuan
---------------	------------	-----------	----------	-----------

B. Jawab ieu soal di handap!

1. Jéntrékeun wangenan frasa nurutkeun pamadegan sadérék!
2. Tataan ciri-ciri frasa!
3. Titénan wacana ieu di handap!

Gék Mang Udin téh diuk dina batu gigireun Si Encur, nukangan nu geus ti tatadi ngajéngjréng. Ger téh saréréa sareuri. Seuri éak-éakan téa ieu mah. Loba nu pipingkelan nyekel beuteung bakat ku ngeunah. Éta siranh Mang Udin nu tadi isuk-isuk meunang ngalénangan Si Bandi téa. Teu kuat kuring gé nahan piseurieun, milu ngabarakatak.

(dicutat tina: 40 Dongéng Énteng ti Pasantréni Karangan RAF, 1998:143)

Sabada dititénan, analisis frasa-frasan dumasar kana

- a. patalina hubungan gramatik antar unsurna.
- b. kategori kecap nu jadi unsur puseurna.

BAB III

KLAUSA

Tujuan

Saréngséna maca ieu bab, dipiharep sadérék mampuh

- a. ngajéntrékeun wangenan klaus;a;
- b. nataan ciri-ciri klaus;a basa Sunda;
- c. nganalisis unsur-unsur fungisional klaus;a dina wacana basa Sunda;
- d. ngajéntrékeun papasingan klaus;a basa Sunda;
- e. ngajéntrékeun wangun klaus;a basa Sunda;
- f. nganalisis warna klaus;a basa Sunda dina wacana basa Sunda; jeung
- g. nganalisis peran/fungsi semantis klaus;a dina wacana basa Sunda.

3.1 Wangenan Klaus;a

Saméméh medar perkara klaus;a, perlu dijéntrékeun heula hubungan antar frasa, klaus;a, jeung kalimah.

Sasaruan klaus;a jeung frasa katut kalimah nya éta frasa, klaus;a, jeung kalimah sarua mangrupa konstruksi gramatik anu diwangun ku dua kecap atawa leuwih. Bedana, dina hal adegan, klaus;a mah predikatif, ari frasa mah teu predikatif. Bedana klaus;a jeung kalimah dina hal lentong. Ari kalimah mah miboga lentong atawa tanda baca, klaus;a mah henteu.

Conto:

(a) Manéhna / nulis / surat.

J C U

(b) Manéhna téh / keur nulis / surat.

J C U

Conto (a) jeung (b) di luhur mangrupa klaus;a jeung kalimah. Digolongkeun kana klaus;a lantaran éta wangun mibanda tatali jejer predikat (predikatif). Kaasup kalimah lantaran éta adegan téh mibanda tanda baca nu mangrupa titik (upama di kedalkeun sacara lisan lentongna turun). Sajaba ti éta, éta konstruksi téh geus maksimal, tur bisa madeg mandiri dina ungkara.

Dina conto (a) teu kapanggih wangun frasa, tapi dina conto (b) aya dua frasa nu kapanggih, nya éta frasa *manéhna téh* jeung *keur nulis*. Sabalikna tina klaus;a, wangun frasa mah justru teu meunang predikatif, lantaran frasa mah kudu nyicingan hiji fungsi dina klaus;a atawa kalimah. Contona dina klaus;a (b), frasa *manéhna téh* diwangun ku dua kecap sarta nyicingan hiji fungsi jejer dina klaus;a. Kitu deui frasa *keur nulis* diwangun ku dua kecap sarta nyicingan fungsi caritaan dina éta klaus;a.

Upama nitenan kaliasih, tinangtu urang baris manggihan rupa-rupa bagian kalimah. Nilik kana kalungguhanana, éta babagan kalimah téh aya dua rupa nya éta bagian galeuh jeung bagian panambah.

Bagian galeuh kalimah nya éta bagian kalimah sampurna anu teu bisa dileungitkeun, nya éta unsur *jejer* jeung *caritaan*, boh dibarengan *udagan*, *panglengkep*, boh henteu. Ari bagian panambah nya éta bagian kalimah anu bisa dileungitkeun, nyatana unsur keterangan. Bagian galeuh kalimah anu diwangun ku *jejer-caritaan*,

boh dibarengan ku *udagan*, *panglengkep*, jeung *panambah* (*keterangan*) boh henteu disebut *klausa* (Sudaryat, 1989).

Ku lantaran diwangun ku J - C téa, *klausa* téh sipatna predikatif. Jaba ti éta, bagian galeuh kalimah anu disebut *klausa* téh mangrupa wongkatatabasaan. Ku lantaran kitu, Ramlan (1987: 89) netelakeun yén *klausa* nya éta wongun gramatik anu diwangun ku hiji J - C, boh dibarengan U, Pang, jeung Kat boh henteu.

Unsur galeuh kalusa téh J jeung C, najan kitu, unsur J kalan-kalan sok dileungitkeun, upamana wae, dina kalimah ngantét jeung kalimah jawaban. Contona:

Sangkan babari ditéwakna, hayam téh kudu diawur heula.

Keur ngala lauk. (Upamana mangrupa jawaban tina pertanyaan "Ari lanceuk manéh ka mana?")

Cindekna, *klausa* nya éta konstruksi gramatik anu diwangun ku jejer jeung caritaan (anu mangrupa unsur inti) dibarengan atawa henteu ku *udagan*, *panglengkep*, atawa *keterangan*.

Tina wangenan di luhur, urang bisa nyindekkeun *klausa* téh mibanda ciri-ciri di antarana:


- a) mangrupa konstruksi gramatik anu ngeusian leunjeuran kalimah; *klausa* salawasna aya dina kalimah.
- b) mangrupa wongun predikatif, nya éta aya tatali jejer jeung caritaan.
- c) unsur inti anu mangrupa jejer bisa dileungitkeun tina wongunanana kalawan henteu ngarobah harti sagemblengna.
- d) bisa ditambahan ku unsur *udagan*, *panglengkep*, jeung *keterangan*.

3.2 Unsur-unsur Fungsional *Klausa*

Unsur-unsur fungsional *klausa* nya éta unsur-unsur anu nyicingan atawa mancén fungsi-fungsi gramatik dina *klausa* anu ngawujud mangrupa beungkeutan gatra (ruas) fungsi, kategori, jeung peran.

Unsur-unsur fungsional *klausa* téh ngawengku *jejer*, *caritaan*, *udagan*, *panglengkep*, jeung *keterangan*.

Unsur fungsional *jejer*, *caritaan*, *udagan*, jeung *panglengkep* ngawangun bagian galeuh: ari *keterangan* ngawangun bagian *panambah*. Sangkan leuwih jéntré bisa dititénan conto di handap.



3.2.1 *jejer* (*Subjék*)

Jejer nya éta bagian *klausa* anu ngawujud kecap atawa frasa barang sarta nuduhkeun naon-naon nu dicaritakeun ku *jejer* (Kridalaksana, 1982:159). Jejer nya éta nuduhkeun naon-naon anu dicaritakeun ku panyatur.

Contona:

Kuring / nulis / surat.

J C U

Inten / diajar / nembang.

J C U

Lumpatna / tarik pisan

J C

Ciri-ciri jejer nya éta:

- a) nempatan posisi paling kénca dina kalimah dasar dina basa nu miboga pola J+C+U. Bisa ogé di katuhu dina konstruksi pasif.

- b) kategorina mangrupa kecap atawa frasa barang.

Conto: *Manéhna téh maling rérét ka kuring.*

3.2.2 Caritaan (*Prédikat*)

Caritaan nya éta unsur klausa anu nuduhkeun naon-naon anu ditétélakeun ku panyatur ngeunaan jejer. Caritaan nya éta bagian klausa anu nuduhkleun naon-naon nu dicaritakeun ngeunaan Jejer (Kridalaksana, 1982 : 137). Ciri unsur caritaan téh bisa dipiheulaan kecap panambah *mani* atawa ditungtungan kecap panambah *bae*. Contona :

Ujian téh mani hésé pisan

Gawéna ukur ngalamun baé.

Tina segi harti, caritaan miboga peran mangrupa

- a) *kalakuan*, contona: *Manéhna maca koran*.
b) *kaayaan*, contona: *Kabogohna geulis*.
c) *prosés*, contona: *Es téh leyur*.
d) *posisi*, contona: *Indungna ka pasar*.

3.2.3 Udagan (*Objék*)

Udagan nya éta unsur klausa anu langsung nuturkeun caritaan lamun caritaanana mangrupa kecap atawa frasa pagawéaan transitif (Ramlan, 1987:93). Udagan umumna ngawujud kecap atawa frasa barang anu gunana pikeun ngalengkepan verba-verba nu tangtu (Kridalaksana, 1982:115). Contona :

a) Kuring / mangmeulikeun / baju / keur Restu.

J C Pang. U

b) Restu / dipangmeulikeun / baju / ku kuring.

J C Pang. U

c) Baju / dipangmeulikeun / kuring / keur Restu.

Tina conto-conto di luhur, tétéla pisan yén nu nyicingan fungsi udagan dina eta klausa nya eta *Restu*, lantaran upama éta klausa dijadikeun konstruksi pasif, *Restu* bisa nyicingan fungsi jejer, sedeng *baju* sok sanajan sarua kategori kecapna (nu mangrupa kecap barang) sarta posisina sarua di tukangeun caritaan lain mangrupa fungsi udagan, lantaran henteu bisa nyicingan fungsi jejer dina konstruksi pasif.

Aya-henteuna udagan dipangaruhan pisan ku unsur nu nyicingan fungsi caritaan. Udagan wajib hadir dina klausa atawa kalimah nu caritaanana mangrupa kecap pagawéan laju (*verba transitif*), sabalikna udagan sipatna *opsional* upama caritaanana mangrupa kecap pagawéan tanlaju (*verba intransitif*) (Ramlan, 1987:93-95).

Udagan nya éta unsur klausa nu mangrupa kecap barang atawa frasa barang nu ngalengkepan caritaan (nu mangrupa kecap atawa frasa pagawéan laju). Sacara gramatis udagan dina klausa atawa kalimah téh mibanda ciri-ciri kieu.

- a) umumna kagolong kana kecap atawa frasa barang

- b) langsung ngantét tukangeun kecap atawa frasa pagaweaan transitif tanpa kecap pangantét
- c) udagan dina klausा aktif bisa jadi jejer lamun éta klausа dipasifkeun
- d) posisina dina klausа aya di satukangeung caritaan.

3.2.4 Panglengkep (Komplemén)

Panglengkep (komplemén) nya éta unsur klausа anu ngalengkepan caritaan anu mangrupa kecap atawa frasa pagawéan madyalaju (*semitransitif*) jeung dwilaju (*bitransitif*) katut kecap atawa frasa sipat.

Panglengkep atawa komplemén nya éta unsur klausа anu sacara gramatikal ngalengkepan caritaan sarta jadi *subordinator* nepi ka éta caritaan téh lengkep (Kridalaksana, 1982 : 88). Panglengkep téh méh sarimbag jeung udagan nya éta duanana aya di tukangeun caritaan (Ramlan, 1987 : 95).

Sudaryat (1989) nétélakeun ciri-ciri panglengkep kieu.

- a) Panglengkep bisa mangrupa kecap atawa frasa barang, pagaweaan, sipat, bilangan, atawa frasa pangantét. Contona:

 - Mang Jumadi dagang *beas*.
 - Budak téh keur diajar *leumpang*.
 - Manéhna leumpang *ngadédod*.
 - Imah nambahán *hiji*.
 - Ieu buku téh dumasar *kana tiori Ramlan*.

- b) Panglengkep aya di tukangeun verba semitransitif nya éta klausа anu teu bisa dipasifkeun. Contona:

 - Tuti kagolong *mahasiswi rajin*.
 - Tétéh kapaksa *marengan*.

- c) Panglengkep teu bisa dijadikeun jejer lamun éta klausа dirobah. Contona:

 - Mang Jumadi dagang *beas*.
 - * *Béas* didagang ku Mang Jumadi.

- d) Panglengkep teu bisa disuluran ku klitik *-na*, iwal lamun dipiheulaan ku kecap pangantét. Contona :

 - Kalakuan goréng kanyahoan *ku bapana*.
 - Kuring téh bener-bener nyaah *ka manéhna*.

- e) Panglengkep aya di tukangeun verba dwitransitif nya éta klausа anu caritaanana dituturkeun ku udagan jeung panglengkep. Contona :

 - Bapa mangmeulikeun kuring *sapatu*.

3.2.5 Keterangan (Adverbial)

Keterangan (*adverbial*) nya éta unsur klausа anu ngajéntrékeun caritaan, anu méré informasi tambahan ngeunaan naon-naon anu dituduhkeun ku caritaan.

Posisi keterangan dina klausа kacida bébasna, bisa di hareup, di tengah, bisa oge di tukang, tapi teu bisa cicing di antara caritaan jeung udagan (Ramlan, 1987 : 97). Keterangan bisa ngawujud kecap atawa frasa, sarta digunakeun pikeun ngajembaran atawa ngawatesanan harti jejer atwa caritaan dina klausа (Kridalaksana, 1982 : 83). Contona :

Kuring meuli baju *kamari ti pasar*.
Kamari kuring meuli baju *ti pasar*.
Kamari kuring *ti pasar* meuli baju.
 *Kuring meuli *ti pasar* baju *kamari*.
 *Kuring *ti pasar* meuli *kamari* baju.

Ditilik tina hartina atawa maksudna, keterangan téh bisa dibédakeun jadi sababaraha rupa:

- a) Keterangan tempat, contona: *ti imah, di buruan, ka kantor.*
- b) Keterangan waktu, contona: *isukan, kamari, bieu.*
- c) Keterangan cara, contona: *bari diuk, bari gogoléran, bari nulis.*
- d) Keterangan tujuan, contona: *demi anak pamajikan, sangkan hadé.*
- e) Keterangan pangbarung, contona: *jeung manéhna.*
- f) Keterangan alat, contona: *ku péso, ku gantungan.*
- g) Keterangan babandingan, contona: *kawas merak, siga ninina.*
- h) Keterangan sabab, contona: *lantaran manéhna.*
- i) Keterangan iwal, contona: *salian ti kuring, iwal manéhna.*
- j) Keterangan aspek, contona: *dua kali deui.*
- k) Keterangan modalitas, contona: *meureun, kuduna mah.*

Conto keterangan dina klausa atawa kalimah:

Bapa nuju calik *di tepas.*
Manéhna rék dirapalan *isukan.*
Dewi maca novel *bari gogoléran.*
Manéhna digawé *demi anak pamajikan.*
Entin mesék buah *ku péso.*
Budak téh geulis *siga indungna.*
Hirupna balangsak *lantaran pipisahan.*
Kabéh euweuh nu kapilih *iwal manéhna.*

3.3 Wangun Klausa

Wangun klausa nya éta rupa-rupa klausa disawang tina adegan batinna. Dumasar kana wanguanna, klausa téh dibagi jadi dua, nya éta klausa lengkep jeung klausa teu lengkep.

3.3.1 Klausa Lengkep

Klausa lengkep nya éta klausa anu diwangun ku hiji jejer jeung caritaan, boh dibarengan ku udagan, panglengkep jeung keterangan, boh henteu. Contona:

Manéhna keur diuk bari nangkeup tuur.
Barang datang ka imahna, kasampak manéhna gering parna.

Nilik kana susunan unsurna, Sudaryat (1989) ngabagi klausa lengkep jadi dua golongan, nya éta klausa lengkep umum jeung klausa lengkep invérsi:

3.3.1.1 Klausa Lengkep Umum

Klausa lengkep umum (*baku*) nya éta klausa lengkep anu runtuyan jejerna aya saméméh caritaanana. Contona:

Waktu manéhna ngadeukeutan, // *kuring/ ngejat.*
Kat. J C
Bapa *kuring / ngala / lauk / di kulah.*
J C U Kat.

3.3.1.2 Klausma Lengkep Inversi

Klausma lengkep inversi nya éta klausma lengkep anu runtuyan caritaananana aya saméméh jejer. Contona:

Asa jangkung pisan / budak téh.

C J

Ngala / lauk / di kulah / Bapa kuring téh.

C U Kat. J

3.3.2 Klausma teu Lengkep

Klausma teu lengkep nya éta klausma anu unsur inti jejerna dileungitkeun atawa sama sakali teu mibanda jejer, ieu klausma ngan mibanda caritaan dibarengan atawa hentu ku udagan, panglengkep, jeung keterangan. Contona:

Keur dahar. (upamana jawaban tina: *Keur naon di dapur manéhna téh*)

Indit ka ditu


3.4 Tipe Klausma

Tipe Klausma téh nya éta rupa-rupa klausma disawang tina distribusi atawa kalungguhanana dina kalimah, klausma téh dibagi jadi dua golongan, nya éta klausma beras jeung klausma kauger.

3.4.1 Klausma Bebas

Klausma bebas nya éta klausma anu bisa madeg mandiri jadi kalimah sampurna. Nurutkeun warna kecap atawa frasa anu jadi caritaanana, klausma bebas dipasing-pasing deui jadi klausma pagawéan jeung tanpagawéan.

Sangka leuwih jéntré ngeunaan papasingan klausma bebas, titenan bagan ieu di handap.



Bagan 4
Papasingan Klausma Bebas

3.4.1.1 Klaus Pagawéan

Klaus pagawéan nya éta klaus beras anu caritaanana (prédictif) mangrupa kecap atawa frasa pagawéan.

Klaus pagawéan téh bisa dipasing-pasing dumasr kana warna kecap jeung patalina aktor jeung aksi.

Dumasar kana warna kecapna atawa kategori kecap anu jadi pangwangan caritaanana, klaus pagawéan téh diklasifikasikeun jadi klaus pagawéan: 1) tanlaju, 2) ékalaju, 3) dwilaju, jeung 4) madyalaju.

1) Klaus Pagawéan Tanlaju (*Verbal Intransitif*)

Klaus pagawéan tanlaju nya éta klaus pagawéan anu caritaanana mangrupa kecap atawa frasa pagawéan anu teu mikabutuh udagan (*objek*). Contona:

Manéhna gogodeg.

Barudak keur maén bal.

2) Klaus Pagawéan Ékalaju (*Verbal Monotransitif*)

Klaus pagawéan ékalaju nya éta klaus pagawéan anu caritaanana mangrupa kecap atawa frasa pagawéan anu m9ikabutuh ayana udagan/objék. Lamun teu ditambahku ku udagan éta kalimah téh karasa can réngsé. Nurutkeun patalina aktor jeung aksi, ieu klaus téh dibagi dua:

a) klaus pagawéan ékalaju migawé, contona:

Mobil téh ngakutan koral

Manéhna ngarang novel

b) klaus pagawéan ékalaju dipigawé, contona:

Popoéan téh kadupakan nu ngaliwat.

Sukuna digégél anjing.

3) Klaus Pagawéan Dwilaju (*Verbal Bitransitif*)

Klaus pagawéan dwilaju nya éta klaus pagawéan anu caritaanana mangrupa kecap atawa frasa pagawéan anu mikabutuh ayana dua kecap séjén mangrupa udagan jeung panglengkep. contona

Manéhna manggalakeun suluh keur emana.

Nurutkeun patalina aktor jeung aksi, ieu klaus téh dibagi dua:

a) klaus pagawéan dwilaju migawé, contona:

Manéhna méré buku ka kuring.

b) klaus pagawéan ékalaju dipigawé, contona

Indungna dipanggalakeun suluh ku manéhna.

4) Klaus Pagawéan Madyalaju (*Verbal Semitransitif*)

Klaus pagawéan madyalaju nya éta klaus pagawéan anu caritaanana mangrupa kecap atawa frasa pagawéan anu mikabutuh panglengkep. Lamun dipiceun panglengkepna éta klaus téh karasana can réngsé. Contona:

Mang Karsim dagang tahu.

Anakna jadi dokter.

Dumasar kana patalina aktor jeung aksi, klausa pagawéan téh dibagi jadi klausa pagawéan: 1) migawé (aktif), 2) dipigawé (pasif), 3) migawé manéh (medial), jeung 4) silihbales (resiprokal).

1) Klausa Pagawéan Migawé (*Aktif*)

Klausa pagawéan migawé (aktif) nya éta klausa anu jejerna ngalakukeun pagawéan (aksi), ditétélakeun ku caritaanana anu mangrupa kecap atawa frasa pagawéan migawé (aktif). Contona:

Manéhna keur mandi di tampian.

Dadang keur *chating*.

2) Klausa Pagawéan Dipigawé (*Pasif*)

Klausa pagawéan dipigawé (pasif) nya éta klausa pagawéan anu jejerna jadi pangrandap tina caritaanana nu dipilampah ku udagan. Caritaanana mangrupa kecap atawa frasa pagawéan dipigawé (pasif). Contona:

Buah téh diala ku Haris.

Mobil téh dijual ku lanceuk.

3) Klausa Pagawéan Migawé Manéh (*Repleksif*)

Klausa pagawéan migawé manéh (*repleksif*) nya éta klausa pagawéan anu jejerna ngalakukeun (panglaku) sakalian jeung ngarandapan (pangrandap) pagawéan anu ditétélakeun ku caritaanana anu nuduhkeun pagawéan migawé manéh. Conto:

Manéhna keur sibeungeut.

Manéhna teu ngaji diri.

4) Klausa Pagawéan Silihbales (*Resiprokal*)

Klausa pagawéan silihbales (*resiprokal*) nya éta klausa pagawéan anu jejerna nuduhkeun nu ngalakukeun bari ngarandapan pagawéan anu ditétélakeun ku caritaanana nu nuduhkeun pagawéan silihbales. Conto:

Maranéhna silihpelong

Karsim papelong-pelong jeung Féra.

3.4.1.2 Klausa Tanpagawéan

Klausa tanpagawéan nya éta klausa bébas anu prédictat (caritaanana) lain mangrupa kecap atawa frasa pagawéan, bisa mangrupa kecap atawa frasa barang, sipat, bilangan, atawa keterangan.

Klausa tanpagawén téh dibagi jadi dua nya éta klausa tanpagawéan golongan jeung klausa tanpagawéan kaayaan.

1) Klausa Golongan

Klausa golongan nya éta klausa tanpagawéan anu caritaanana mangrupa kecap atawa frasa barang atawa keterangan. Conto:

Urang dieu mah patani.

Maranéhanana mahasiswa.

2) Klausa Kaayaan

Klausa kaayaan nya éta klausa tanpagawéan anu caritaanana mangrupa kecap atawa frasa sipat, bilangan, atawa frasa pangantét. Contona:

Hirupna balangsak.

Sawahna dua héktar.
Cicingna di kolong sasak.


3.4.2 Klausa Kauger

Klausa kauger nya éta klausa anu teu bisa jadi kalimah anu madeg mandiri. Hartina, éta klausa teu bisa jadi kalimah, tapi kudu aya kalimah séjén anu marengan atawa anu jadi panghudangna.

Nurutkeun Sudaryat (1989) klausa kauger sakurang-kurangna mibanda salahsahiji ciri kieu.

- 1) Klausa kauger salawasna aya dina kalimah ngantét sélér-sumeler. Contona:
Kuring yakin yén surat téh dikirimkeun.
- 2) Klausa kauger salawasna dipiheulaan kecap panyambung teu satata (konjungsi subordinatif) kayaning: basa, sabab, yén., sanajan, jeung lantaran. Upama kecap panyambungna dileungitkeun, éta klausa kauger téh kalungguhanana robah jadi klausa bébas. Contona:
 - a) *Basa kuring keur ngalamun, manéhna datang.*
 - b) *Kuring keur ngalamun, manéhna datang.*
- 3) Posisi klausa kauger dina kalimah ngantét bisa pindah-pindah, mungkin saméméh klausa utama atawa sanggeusna klausa utama. Contona:
 - a) *Sangkan babari néwakna, hayam téh kudu diawur heula.*
 - b) *Hayam téh kudu diawur heula sangkan babari néwakna.*
- 4) Klausa kauger dina kalimah ngantét sélér-sumélér salawasna nyicingan salahsahiji funsi J, C, U, Pang., atawa Kat. klausa utama. Singgetna, klausa kauger téh mangrupa bagian tina klausa lianna.
 - a) Klausa kauger salaku J klausa inti (bébas), contona:
Anu nepikeun amanat téh karék indit pisan.
Derékdek ku manéhna dicaritakeun *yén éta carpon téh nyaritakeun dirina sorangan.*
 - b) Klausa kauger jadi Atribut J klausa inti, contona:
Kamari barudak *anu geus marilu ujian ahir karumpul* di kampus pikeun mikanyaho hasilna.
 - c) Klausa kauger jadi U tina klausa inti, contona:
Ti harita ogé kuring mah geus mikányaho yén manéhna téh katajieun.
 - d) Klausa kauger jadi Atribut U tina klausa inti, contona:
Manéhna nginjeum buku kuring nu kakara meunang meuli ti toko Puri.
 - e) Klausa kauger jadi Pang tina klausa inti:
Abdi mah nembé terang yén anjeunna téh ngawayuh.
 - f) Klausa kauger jadi atribut Pang tina klausa inti, contona:
Kuring hayang nyaho barangna nu geus dijangjikeun anjeunna téa.
 - g) Klausa kauger jadi Kat tina klausa inti
Bada salat Isa, kuring menekung ka Nu Agung.
- 5) Klausa kauger sacara semantis nyandang wawaran (informasi) sélérna tina klausa utama. Ku kituna, klausa kauger téh dianggap sékundér ku pamaké basa. Contona:
Ema mah ngabéjaan sotéh ka manéh sangkan ulah lalawora.
- 6) Klausa kauger dina kalimah ngantét sélér-sumélér sacara semantis bisa disuluran ku kecap atawa frasa anu tangtu luyu jeung harti klausa kaugerna. Contona:
Sabot kuring maca, adi kuring nulis surat.
Harita téh adi kuring nulis surat.

Klausa kauger biasana nyicingan hiji fungsi tina klausa lulugu dina kalimah sumélér nya éta fungsi jejer, caritaan, udagan, panglengkép, jeung keterangan, atawa nyicingan bagian-bagian tina éta fungsi-fungsi téa. Sangkan leuwih jéntré, fungsi klausa kauger bisa dititénan dina bagan ieu di handap.



**Bagan 5
Papsingan Klauska Kauger**

Nurutkeun hartina, klausa keterangan dibedakeun jadi sapuluh, nya éta:

- 1) klausa keterangan waktu (kecap panyambungna: *waktu, basa, méméh, sanggeus, saban, salila*);
- 2) klausa keterangan sarat (kecap panyambungna: *mun, lamun, mun seug, asal, upama, ari, dapon*);
- 3) klausa keterangan tujuan (kecap panyambungna: *ambéh, ngarah, sangkan, supaya, malar*);
- 4) klausa keterangan sabab (kecap panyambungna: *sabab, lantaran, alatan, bubuhan, duméh, da, bakat ku*);
- 5) klausa keterangan akibat (kecap panyambungna: *nepi ka*);
- 6) klausa keterangan hasil (kecap panyambungna: *nu matak, nu mawi, pang, pangna, mana*);
- 7) klausa keterangan ngaku (kecap panyambungna: *najan, sanajan, sanaos, sok sanajan, papadaning, sangkilang*);
- 8) klausa keterangan cara (kecap panyambungna: *bari, ku jalan, klayan, kalawan*);
- 9) klausa keterangan guna (kecap panyambungna: *pikeun, keur*); jeung
- 10) klausa keterangan babandingan (kecap panyambungna: *cara, jiga, lir, siga, saperti, asa, bangun*).

3.5 Warna (Kategori) Unsur Klauska

Sudaryat (1989) nétilakeun yén warna (kategori) unsur klausa museur kana warna kecap atawa frasa anu ngeusiaan éta unsur téa. Unggal unsur klausa biasa dieusian ku warna atawa kategori nu tangtu. Éta kategori téh kayanaing barang, pagaweaan, sipat, bilangan jeung frasa pangantét.

- 1) Kategori pangeusi jejer

Sacara kategorial fungsi jejer umumna dieusian ku kecap atawa frasa barang, boh asli boh hasil nominaliasi. Contona:

Kuring mah moal milu.

Bapa kuring nu keur maca mah.

Manéhna anu leumpang téh.

2) Kategori pangeusi caritaan

Sacara kategorial fungsi caritaan umumna dieusian ku kecap atawa frasa pagawéan. Najan kitu, aya oge caritaan anu mangrupa kecap atawa frasa sipat, barang, Bilangan, atawa frasa pangantét. Contona :

Ari ema can datang kénéh?

Buukna galing muntang.

Bukuna ngan sapuluh.

Maman téh adi kuring.

Bapa mah ka Ir. Dadang.

3) Katégori pangeusi objék

Sacara katégorial fungsi Objék umumna dieusian ku kecap atawa frasa barang. Contona:

Budi keur ngarang carpon.

Dedi neungeul Ahmad ku buku.

Dina klausa pasif atawa klausa dwitransitif, pangeusi objék téh kalan-kalan ngawujud frasa pangantét, tapi pangantétna bisa dileungitkeun. Contona:

Carpon keur dikarang (ku) Budi.

Bapa mangmeulikeun baju keur kuring.

Kuring dipangmeulikeun baju (ku) Bapa.

4) Katégori pangeusi panglengkep

Sacara fungsi panglengkep bisa dieusian ku kecap atawa frasa barang, pagawéan, sipat, bilangan, jeung frasa pangantét.

Contona:

Tarmidi katinggang kalapa.

Barudak téh resep ngojay.

Embéna nambahán tilu.

5) Katégori pangeusi keterangan

Sacara katégorial fungsi keterangan bisa dieusian ku kecap atawa frasa barang waktu, frasa pangantét, jeung kecap panambah. Contona:

Heuleutna kuring datang téh.

Loba turis datang ka Pangandaran.

Sigana mah manéhna téh embungeun indit.

3.6 Peran Unsur Klausia

Peran (ma'na; fungsi semantis) unsur klausa, nya éta tatali antara *prédictor* jeung *argumén* dina *proposisi* (Kridalaksana, 1982:130). Peran unsur-unsur klausa baris katinggal tina fungsi katut kategori pangeusi unsur klausa téa.

3.6.1 Peran Jejer

Sacara semantis Jejer dina klausa bisa nuduhkeun rupa-rupa peran atawa ma'na. éta peran téh di antarana:

1) Peran palaku, conto:

Maman keur maca buku..

Mang Jaya sok maén bal

- 2) Peran alat, conto:
Delman Mang Suhadi dipaké narikan béas.
Treuk téh ngakutan keusik ti Lembang.
- 3) Peran sabab, conto:
Papaséaan ngajauhkeun duduluran.
Angin puyuh téh ngarungkadkeun tatangkalan.
- 4) Peran pangrandap, conto:
Raheutna dikumbah ku cihaneut ati-atí pisan.
Jalan Asia Afrika keur dioméan.
- 5) Peran hasil, conto:
Panyungsi sastra disusun ku Prof.Dr.Yus Rusyana.
Skripsi disusun pikeun nyumponan salah sahiji sarat ujian sarjana pendidikan.
- 6) Peran tempat, conto:
Basisir Pangandaran pamungungan nu pariknik.
Sawahna dipelakan paré gapuk.
- 7) Peran panampa:
Kuring dibéré baju ku lanceuk.
Heni remen nampa surat ti beubeureuhna.
- 8) Peran piwanoh, conto:
Bu Sahrul téh guru kuring di SMA.
Anu nangtung téh pamaén catur.
- 9) Peran jéntréan, conto:
Awakna jangkung lenjang.
Beungeutna euweuh gebihan.
- 10) Peran jumlahan, conto:
Peunteun rapotna rata-rata dalapan.
Sapatuna lima ranpasan.

3.6.2 Peran Caritaan

Sacara semantis caritaan dina klausa bisa nuduhkeun rupa-rupa peran atau harti. kayaning:

- 1) Peran kalakuan
 Peran kalakuan ngawengku sababaraha rupa:
 a) Kalakuan aktif
Bapa nuju maos koran.
 b) Kalakuan pasif
Koran nuju diaos ku bapa.
 c) Kalakuan répléksif/ medial
Ki Dahro téh keur sideang.
 d) Kalakuan résiprokatif
Barudak lalaki keur silih poyok.
 e) Kalakuan bénéfaktif
Bapa mangmeulikeun baju keur kuring.
 f) Kalakuan diréktif
Abdi téh ngajurungan pun anak ka ditu.
 g) Kalakuan adversatif
Ayeuna mah manéhna téh jadi guru.
 h) Kalakuan éksistif
Di imah téh aya tamu.

- 2) Peran kaayaan/statif
Peran kaayaan téh rupa-rupa kayaning:
 - a) kaayaan sipat
Budak téh *hampang birit*.
 - b) kaayaan prosés
Buruan téh *kalah ngeuyeumbeu*.
 - c) kaayaan pangalaman jiwa
Bapa téh *pohara nyaahna* ka hidep.
 - d) kaayaan nu gancang robah
Baju téh *alus pisan*.
- 3) Peran perenahna
Erna mah *di dapur*.
Béas *ti Cianjur téa*.
- 4) Peran pangwanoh
Manéhna téh *mahasiswa UPI*.
Bapa kuring mah *patani*.
- 5) Peran pangjumlahah
Baju kuring mah *ngan dua setel*.
Peunteun rapotna *rata-rata dalapan*.
- 6) Peran panampangan
Adi kuring *meunang* hadiah.
Lalab-lalaban téh *ngandung* vitamin nabati.

3.6.3 Peran Udagan

Sacara semantis udagan dina klausa bisa nuduhkeun rupa-rupa peran atau harti kayaning:

- 1) Peran pangrandap
DPU keur ngoméan *Jalan Asia Afrika*.
Ajat neunggeul *ucing ku jidar*.
- 2) Peran panampa
Kuring ngirim *ua surat*.
Manéhna méré *kuring baju anyar*.
- 3) Peran alat
Kuring nalikeun *tambang* kana daham.
Heni ngagupaykeun *leungeunna* ka kuring.
- 4) Peran hasil
Karna Yudibrata ngarang *buku Kanyaah Kolot*.
Prof. Dr. Yus Rusyana ngarang *buku Payungsi Sastra*.
- 5) Peran tempat
Para turis ngadatangan *Basisir Pangandaran*.
Patani melakan *sawahna* ku paré Cihérang.

3.6.4 Peran Panglengkep

Sacara semantis panglengkep dina klausa bisa nuduhkeun rupa-rupa peran atau harti kayaning:

- 1) Peran pangrandap
Kuring téh keur diajar *basa Sunda*.
Mang Suhri keur dagang *jeruk* di terminal.

- 2) Peran kalakuan
Barudak téh resep *ngarojay*.
Budak téh keur diajar *maca*.
- 3) Peran alat
Sakapeung mah manéhna téh sok diitung *anak bawang*.
- 4) Peran kaayaan
Nyi Heni téh katarajang nyeri *beuteung*.
- 5) Peran pangjumlahah
Embé kuring téh nambahán deui *hiji*.
- 6) Peran keterangan
Manéh mah lumampah *kawas budak*.

3.6.5 Peran Keterangan

Sacara semantis fungsi keterangan dina klausa bisa nuduhkeun rupa-rupa harti atawa peran kayaning:

- 1) Peran tempat
Ari lanceukna mah cicing di Bandung.
Abdi téh wangsl ti Kuningan.
Iraha badé angkat ka Bali téh.
- 2) Peran waktu
Kamari adi kuring téh tas disunatan.
Dua bulan deui ogé manéhna téh rék diwisuda.
- 3) Peran alat
Ki Duléh téh nyangcang munding ku dadung.
Kuring ngajul gedang ku gantar.
- 4) Peran tujuan
Urang perlu olahraga sangkan séhat.
Manéhna usaha dug hulu pet nyawa demi anak pamajikannana.
- 5) Peran pamareng
Kuring téh indit kadua budak.
Diukna ngaréndéng jeung kuring.
- 6) Peran sabab
Manéhna bisa sakola téh lantaran kuring.
Sabab usahana Pa Agus urang bisa kieu téh.
- 7) Peran pangwates
Saréréa meunang asup kajaba kuring.
Iwal ti manéhna kabéh ogé geus malayar.
- 8) Peran babandingan
*Manéh mah kalah runyah-renyoh *kawas monyét**.
*Dudi téh pinter *siga bapana**.
- 9) Peran pangjumlahah
*Barudak diperesén *lima rébu séwang**.
*Kuring meuli roko *sabungkus**.
- 10) Peran cara
*Manéhna *gura-giru* indit*.
*Anakna ceurik *nagdingdiut**.
- 11) Peran modalitas
Sakuduna mah manéhna téh sadar.
*Manéhna téh éraeun *meureun**.

12) Peran aspék

*Sakali deui kuring malikkeun deui awak.
Nu geuring téh dadaksakala cageur deui.*

3.7 Warna Klausua

Warna (katégori) klausua nya éta rupa-rupa klausua disawang tina warna kecap atawa frasa anu nyicingan fungsi Caritaan. Nilik kana warnana, klausua dina basa Sunda bisa dibagi lima golongan:

- 1) klausua barang (nominal);
- 2) klausua pagawéan (verbal);
- 3) klausua sipat (ajektival);
- 4) klausua bilangan (numeral); jeung
- 5) klausua pangantét (preposisional).

3.7.1 Klausua Barang

Klausua barang nya éta klausua anu caritaanana diwangun ku kecap atawa frasa barang. Contona:

*Bapana guru SMA.
Sapatuna kulit.*

3.7.2 Klausua Pagawéan

Klausua pagawéan nya éta klausua anu caritaanana diwangun ku kecap atawa frasa pagawéan. Contona:

*Kuring rék meuli buku tata basa Sunda.
Manéhna mawa surat.*

3.7.3 Klausua Sipat

Klausua sipat nya éta klausua anu caritaanana diwangun ku kecap atawa frasa sipat. Contona:

*Tuti mah bageur pisan.
Neng Misliyah téh jangkung lenjang.
Manéhna kalah ngadingdiut.*

3.7.4 Klausua Bilangan

Klausua bilangan nya éta klausua anu caritaanana diwangun ku kecap atawa frasa bilangan. Contona:

*Daharna sapoé tilu kali.
Embé Donéng dua jodo.*

3.7.5 Klausua Pangantét

Klausua pangantét nya éta klausua anu caritaanana diwangun ku frasa pangantét. Contona:

*Bapa mah ka kebon.
Inditna ti belah wétan.
Cicingna dina handapeun tangkal kai.*

3.8 Wangun Panolakan dina Klausua

Disawang tina aya euweuhna wangun panolak (negatif) dina caritaanana, Sudaryat (1989) ngabagi klausua dina basa Sunda jadi dua, nya éta klausua positif

(afirmatif) jeung klausa negative

3.8.1 Klaus Positif

Klausa positif nya éta klausa anu henteu ngandung panolak dina caritaanana. Conto:

Barudak téh *keur arulin* di buruan.
Tétéh mah *parantos angkat* tadi.
Lanceukna téh *Camat Pamarican*.

3.8.2 Klaus Négatif

Klausa négatif nya éta klausa anu caritaanana ngandung unsur panolak (négatif). Wangun panolakna biasa dicirian ku kecap panambah (hen)teu, lain, (en)can, jste. Contona:

Manéhna téh *henteu indit waé*.
Ari bapana mah *lain Camat Pamarican*.
Budak téh *can datang baé*, nya?
Pun bapa mah *teu acan sumping*.

Wangun panolak dina klausa ngan husus keur klausa anu tanpa keterangan. Ari sababna, wangun panolak dina klausa anu maké fungsi Kat., anu ditolakna téh lain caritaan, tapi keterangan. Contona:

- a) Udin *henteu malédog anjing*.
- b) Udin *henteu malédog anjing ku batu*.
- c) Kamari mah Udin *henteu malédog anjing*.
- d) Udin *henteu malédog anjing* di buruan.

Klausa a) nuduhkeun yén kalakuan maledog téh henteu tulus, klausa b) nuduhkeun yén kalakuan maledog téh dilaksanakeun tapi henteu ku batu; klausa c) nuduhkeun yén kalakuan maledog anjing téh kajadian, tapi ngan kamari wungkul anu henteu jeung klausa d) nuduhkeun yén kalakuan maledog anjing téh kajadian tapi henteu di buruan.

Cindekna, klausa negatif téh mangrupa klausa anu mibanda unsur panolak (negatif) anu sacara gramatik nganegatifkeun Caritaan (Raman, 1987:137).

Tingkesan

Klausa nya éta konstruksi gramatik anu diwangun ku jejer jeung caritaan (anu mangrupa unsur inti) dibarengan atawa henteu ku udagan, panglengkep, atawa keterangan. Ciri-ciri klausa, nya éta 1) mangrupa konstruksi gramatik anu ngeusian leunjeuran kalimah; klausa salawasna aya dina kalimah, 2) mangrupa wangun predikatif, nya éta aya tatali jejer jeung caritaan, 3) unsur inti anu mangrupa jejer bisa dileungitkeun tina wangunanana kalawan henteu ngarobah harti sagemblengna, jeung 4) bisa ditambahan ku unsur udagan, panglengkep, jeung keterangan.

Unsur-unsur fungsional klausa nya éta unsur-unsur anu nyicingan atawa mancén fungsi-fungsi gramatik dina klausa anu ngawujud mangrupa beungkeutan gatra (ruas) fungsi, kategori, jeung peran. Unsur-unsur fungsional klausa téh ngawengku *jejer, caritaan, udagan, panglengkep*, jeung *keterangan*. Unsur fungsional *jejer, caritaan, udagan, jeung panglengkep* ngawangun bagian galeuh: ari *keterangan* ngawangun bagian panambah.

Jejer nya éta bagian klausा anu ngawujud kecap atawa frasa barang sarta nuduhkeun naon-naon nu dicaritakeun ku jejer (Kridalaksana, 1982:159). Jejer nya éta nuduhkeun naon-naon anu dicaritakeun ku panyatur.

Caritaan nya éta unsur klausа anu nuduhkeun naon-naon anu ditétélakeun ku panyatur ngeunaan jejer. Caritaan nya éta bagian klausа anu nuduhkleun naon-naon nu dicaritakeun ngeunaan Jejer (Kridalaksana, 1982:137).

Udagan nya éta unsur klausа anu langsung nuturkeun caritaan lamun caritaanana mangrupa kecap atawa frasa pagaweaan transitif (Ramlan, 1987:93). Udagan umumna ngawujud kecap atawa frasa barang anu gunana pikeun ngalengkepan verba-verba nu tangtu (Kridalaksana, 1982:115).

Panglengkep (komplemén) nya éta unsur klausа anu ngalengkepan caritaan anu mangrupa kecap atawa frasa pagawéan madyalaju (*semitransitif*) jeung dwilaju (*bitransitif*) katut kecap atawa frasa sipat.

Panglengkep atawa komplemén nya éta unsur klausа anu sacara gramatikal ngalengkepan caritaan sarta jadi *subordinator* nepi ka éta caritaan téh lengkep (Kridalaksana, 1982 : 88). Panglengkep téh méh sarimbag jeung udagan nya eta duanana aya di tukangeun caritaan (Ramlan, 1987 : 95).

Keterangan (*adverbial*) nya éta unsur klausа anu ngajéntrékeun caritaan, anu méré informasi tambahan ngeunaan naon-naon anu dituduhkeun ku caritaan.

Posisi keterangan dina klausа kacida bébasna, bisa di hareup, di tengah, bisa oge di tukang, tapi teu bisa cicing di antara caritaan jeung udagan (Ramlan, 1987 : 97). Keterangan bisa ngawujud kecap atawa frasa, sarta digunakeun pikeun ngajembaran atawa ngawatesanan harti jejer atwa caritaan dina klausа (Kridalaksana, 1982 : 83).

Wangun klausа nya éta rupa-rupa klausа disawang tina adegan batinna. Dumasar kana wangunna, klausа téh dibagi jadi dua, nya éta klausа lengkep jeung klausа teu lengkep. Klausа lengkep nya éta klausа anu diwangun ku hiji jejer jeung caritaan, boh dibarengan ku udagan, panglengkep jeung keterangan, boh henteu.

Klausа teu lengkep nya éta klausа anu unsur inti jejerna dileungitkeun atawa sama sakali teu mibanda jejer, ieu klausа ngan mibanda caritaan dibarengan atawa hentu ku udagan, panglengkep, jeung keterangan.

Tipe Klausа téh nya éta rupa-rupa klausа disawang tina distribusi atawa kalungguhanana dina kalimah, klausа téh dibagi jadi dua golongan, nya éta klausа bébas jeung klausа kauger.

Klausа bebas nya éta klausа anu bisa madeg mandiri jadi kalimah sampurna. Nurutkeun warna kecap atawa frasa anu jadi caritaanana, klausа bébas dipasing-pasing deui jadi klausа pagawéan jeung tanpagawéan.

Klausа kauger nya éta klausа anu teu bisa jadi kalimah anu madeg mandiri. Hartina, éta klausа teu bisa jadi kalimah, tapi kudu aya kalimah séjén anu marengan atawa anu jadi panghudangna.

Warna (kategori) unsur klausа museur kana warna kecap atawa frasa anu ngeusiaan éta unsur téa. Unggal unsur klausа biasa dieusian ku warna atawa kategori nu tangtu. Éta kategori téh kayanaing barang, pagaweaan, sipat, bilangan jeung frasa pangtanté.

Peran (ma'na; fungsi semantis) unsur klausа, nya éta tatali antara Puseur (Predikator) jeung panggondeng (argumen) dina proposisi (Kridalaksana, 1982:130). Peran unsur-unsur klausа baris katingal tina fungsi katut kategori pangeusi unsur klausа téa.

Warna (katégori) klausа nya éta rupa-rupa klausа disawang tina warna kecap atawa frasa anu nyicingan fungsi Caritaan. Nilik kana warnana, klausа dina basa

Sunda bisa dibagi lima golongan, nya éta 1) klausua barang (nominal); 2) klausua pagawéan (verbal); 3) klausua sipay (ajektival); 4) klausua bilangan (numeral); jeung 5) klausua pangantét (preposisional).

Latihan

A. Pilih salah sahiji jawaban anu bener!

1. "Mang Karta keur nyieun widé di pipir". Peran jejer dina klausua kasebut nya éta ..
a. pangrandap b. tempat c. hasil d. panglaku e. alat
2. "Piala ditarima ku kuring." Harti udagan dina éta klausua nya éta
a. pangrandap b. cara c. nu narima d. panglaku e. hasil
3. Dumasar distribusina unitna, klausua *lamun lulus*, dina kalimah "*Lamun lulus, kuring rek sukuran di lembur.*" kaasup klausua
a. bébas b. lulugu c. pagawéan d. kauger e. sélér
4. Klausua di handap nu kaasup kana klausua preposisional nya éta
a. Bapana jadi guru. c. Digawéna di bengkel. e. Umi digawé di pabrik.
b. Lanceukna cicing di imah. d. Adina sakola di Jakarta.
5. "Manéhna ngetik bari ngadéngekeun musik." Harti fungsi keterangan dina klausua kasebut nya éta
a. waktu b. tujuan c. asal d. cara e. panglaku
6. "Barudak keur luak-lieuk" kagolong kana klausua pagawéan ...
a. tanlaju b. dwilaju c. ekalaju d. madyalaju e. transitif
7. "Barudak téh silihsuntrungkeun" kaasup kana klausua pagawéan ...
a. aktif b. medial c. pasif d. resiprokal e. pamungkir
8. Wangun *lanceukna getol* dina kalimah 'Lanceukna getol, adina kedul.' kaasup kana klausua ...
a. kauger b. bebas c. transitif d. semitransitif e. lulugu
9. "Kota Bandung pada ngajugjug ku wisatawan". Harti jejer dina klausua kasebut nyaeta ...
a. pangrandap b. panglaku c. tempat d. alat e. panarima
10. Pola dasar klausua di handap J : B / C : B
a. Barudak keur arulin. c. Imahna agreng. e. Mobilna dua.
b. Indungna aya di kantor. d. Manehna guru basa Sunda.
11. Pola dasar klausua "Manehna tumpak mobil anyar." nya eta ...
a. J+C c. J+C+U e. J+C+Pangl.
b. J+C+Kat. d. J+Pang.+C
12. Klausua "Lamun hasil" dina kalimah "Lamun hasil, kuring rek ka Bandung" nurutkeun statusna dina kalimah kagolong kana klausua
a. seler b. bebas c. lulugu d. inti e. kauger
13. Klausua "Kamari mah Pun Bibi teh aya." kogolong kana ...
a. klausua pagawéan ekalaju d. klausua pagawéan dwilaju
b. Klausua golongan e. klausua pagawéan kajadian
c. klausua pagawéan kahanan
14. Klausua "Manehna keur diuk." kagolong kana klausua pagawéan ...
a. tahlaju b. madyalaju c. dwilaju d. ekalaju e. tanjejer
15. Klausua di handap kagolong kana klausua pagawéan madyalaju. ...
a. Adina meuli buku. d. Indungna dagang beas.

- b. Alona menta duit ka indungna.
- c. Uwana teu damang
- e. Indungna keur ngisikan.

B. Jawab/pigawé ieu soal di handap!

1. Jéntrékeun wangenan klausana nurutkeun paraahli basa, terus cindekkeun dumasar pamadegan sadérék!
2. Baca wacana ieu di handap!

Urang geus paheut, rek paturay marengan keclakna hujan. Soca anjeun kungsi wakca, ngajak leumpang dina bulan nu hamo kasaba deungeun. Bulan nu bisa mendem mangpirang carita, nu bisa ngirut mangpirang imut, ka dinya kuring rek nyebakeun harepan nu katambias.

Sabada dibaca, analisis

- a. unsur-unsur fungsional klausana,
- b. tipe klausana dumasar distribusina dina kalimah, jeung
- c. warna klausana dumasar kecap atawa frase pagawéan nu jadi caritaanana.

BAB IV

KALIMAH

Tujuan Pangajaran

Saréngséna maca ieu bab, dipiharep sadérék mampuh

- a. ngajéntrékeun wangenan kalimah;
- b. ngajéntrékeun ciri-ciri kalimah basa Sunda;
- c. ngajéntrékeun papasingan kalimah basa Sunda; jeung
- d. nganalisis kalimah dina wacana basa Sunda.

4.1 Wangenan Kalimah

Sacara fonetis kalimah téh mangrupa wangun katatabasaan (gramtik) anu mibanda lentong(intonasi) kayaning randegan panjang anu binarung jeung wirahma ahir turun atawa naék. Ieu patokan téh dipaké ku Ramlan (1987:27) anu ngécéskeun yén kalimah nya éta "wangun gramatik anu diwatesanan ku ayana randegan (jeda) panjang anu dibarengan ku wirahma (nada) ahir turun atawa naék. Jadi, nurutkeun pamadegan Ramlan nu nangtukeun satuan kalimah lain mangrupa lobana kecap nu jadi unsur pangwangan, tapi utamana mah lentongna.

Sacara grafemik kalimah téh mangrupa kecap atawa runtusan kecap-kecap anu dimimitian ku aksara kapital sarta dipungkas ku tanda titik, pananya, jeung panyeluk minangka gambaran tina lentong (intonasi) katut sababaraha tanda baca lianna (Depdikbud, 1988:254).

Kalimah mangrupa wangun basa anu bisa madeg mandiri sarta mibanda pola intonasi pungkas (Cook,1971:39). Jadi, kalimah kalawan mandiri geus mangrupa wangun basa anu lengkep. Ku kituna, Bloomfield (1933:170-171) nételakeun yén kalimah nya éta "a maximum form in any utterance is a sentence. Thus, a sentence is a form which, in téh given utterance, is not part of larger construction". Kalimah mangrupa wangun katatabasaan maksimal anu henteu mangrupa bagian tina wangun katatabasaan anu leuwih jembar sarta mibanda ciri kesenyapan final anu nuduhkeun éta wanganan téh pungkas (Parera, 19U:12;14).

Nurutkeun Wirakusumah (1969:8) kalimah téh nya éta hiji bagian basa anu diwangan ku hiji kecap atawa leuwih pikeun ngedalkeun sakurang-kurangna hiji pamadegan. Beda halna jeung pamadegan Alisjahbana (1949:37) nu ngébréhkeun yén kalimah mangrupa '*satuan kumpulan kata yang terkecil yang mengandung pikiran yang lengkap*'. Alisjahbana teu mentingkeun masalah lentong, leuwih museurkeun kana hal ébréhan pikiran nu gembleng dina adegan kumpulan kecap nu pangleutikna.

Sudaryat (1996:34) ngébréhkeun yén kalimah mangrupa wangun basa miwujud kecap atawa runtusan kecap-kecap nu puguh adeganana pikeun ngébréhkeun pikiran kalawan gembleng serta diwatesanan ku randegan panjang nu binarung jeung wirahma ahir turun atawa naek. Chaer (2003: 240) ngébréhkeun yén kalimah mangrupa wangun sintaksis anu disusun ku konstituen dasar, biasana mangrupa klausa, dilengkepan ku konjungsi upama diperlukeun, jeung ditarung ku intonasi ahir.

Tina pamadegan-pamadegan di luhur, bisa dicindekkeun kalimah téh nya éta kecap atawa runtusan kecap nu ngandung pikiran gembleng tina hiji wacana, rélatif bisa madeg mandiri sarta diwatesanan ku randegan panjang tur miboga lentong pamungkas turun atawa naek

Tina sababaraha keterangan tur watesan di luhur, jéntré pisan yén kalimah téh mibanda sipay keiu:

- a) Kalimah mangrupa wangun katatabasaan (gramatik) maksimal; hartina, kalimah téh kalawan mandiri geus lengkep, henteu merlukeun wangun séjén nepi ka éta wangunan téh mibanda fungsi.
- b) Kalimah mangrupa kecap atawa runtulan kecap anu dumuk adeganana; hartina, pangdeudeul kalimah téh bisa mangrupa kecap, frasa, atawa klausa.
- c) Kalimah mangrupa wangun katatabasaan anu mibanda (intonasi final), atawa wangun basa anu diwatesanan ku randegan panjang sarta binarung jeung wirahma ahir turun atawa naek.

Dumasar wangenan jeung sipay-sipay di luhur, wangun-wangun ieu di handap mangrupa conto tina kalimah.

Aduh!

Mangga!

Wilujeng sumping!

Pun bapa mah nuju angkat ka kantor.

Iraha angkat ka Jakarta téh?

Enjing.

Kalimah jeung klausa téh aya bedana, najan sakapeung mah wangunan kalimah jeung klausa téh sarua. Bedana kalimah jeung klausa téh nya éta ari kalusa salawasna kudu ngandung hiji caritaan, ari kalimah mah salawasna kudu ngandung lentong (intonasi) di sagigireun unsur séjénna kayaning kecap, frasa, jeung klausa.

4.2 Papasingan Kalimah

Kalimah bisa dipasing-pasing dumasar kana: jumlah jeung jinis unsur pangwanggunna, jumlah jeung jinis klausa nu aya dina dasarna, struktur internal klausa utamana, ngandung-henteuna klausa, fungsina dina komunikasi, patalina aktor jeung aksi, aya-euweuhna unsur pamungkir dina caritaanana, kalengkepan unsur dasarna, kontéks jeung jawaban nu ditepikeun, sarta warna kecap atawa frasa nu jadi caritaanana.

4.2.1 Dumasar Jumlah jeung Jinis Unsur Pangwangunna

Dumasar jumlah jeung jinis unsur pangwanggunna, kalimah dibagi jadi dua, nya éta kalimah basajan jeung kalimah jembar.

4.2.1.1 Kalimah Basajan

Kalimah basajan nya éta kalimah anu diwangun ku hiji klausa, contona:

Umurna 17 taun.

Manéhna téh mahasiswa.

4.2.1.2 Kalimah Jembar

Kalimah jembar nya éta kalimah anu diwangun ku dua klausa atawa leuwih, contona:

Sabada ngetik, manéhna terus indit ka kampus.

Imahna téh dua, tapi jarauh ti puseur dayeuh.

4.2.2 Dumasar Jumlah jeung Jinis Klausa anu aya dina Dasarna

Dumasar jumlah jeung jinis klausu anu aya dina dasarna, kalimah dibagi dua, nya éta kalimah salancar jeung kalimah ngantét.


4.2.2.1 Kalimah Salancar

Kalimah salancar nya éta kalimah anu diwangun ku hiji klausu bebas tanpa klausu kauger, boh mangrupa klausu pagawéan, boh tanpagawéan. Ku lantaran diwangun ku hiji klausu, kalimah salancar téh ngan mibanda hiji proposisi atawa mibanda hiji caritaan. Contona:

Manéhna keur saré.

Manéhna guru.

Dumasar kana unsur-unsur pangwangunna, kalimah salancar ngawengku kalimah salancar basajan jeung kalimah salancar jembar. Pola kalimah salancar saperti ieu di handap.




1) Kalimah Salancar Basajan

Kalimah salancar basajan (kalimah galeuh) nya éta kalimah salancar anu diwangun ku hiji bagian galeuh tanpa bagian panambah atawa kalimah anu diwangun ku hiji J+C, boh dibarengan udagan atawa panglengkep boh hanteu.

Disawang tina unsur fungsi jeung warna kecap (*kategori kata/kelas kata*) pangwangunna, kalimah salancar basajan téh mibanda adegan saperti ieu di handap.

- a) J:N + C:N, contona: Manéhna guru.
- b) J:N + C:Vtanlaju, contona: Manéhna keur saré.
- c) J:N + C:Adj, contona: Poé ieu haleungheum.
- d) J:N + C:Num, contona: Mobilna dua.
- e) J:N + C:Adverb, contona: Datangna kamari.
- f) J:N + C:Prep, contona: Cicingna di Bandung.
- g) J:N + C:Veklj + U:N, contona: Manéhna maca Koran.
- h) J:N + C:V + Pang.: N, contona: Manéhna dagang cau.
- i) J:N + C:V + Pang.: N + U:N, contona: Manéhna méré buku ka adina.

Papasingan kalimah salancar basajan bisa dititénan dina bagan ieu di handap.



Bagan 6
Papasingan Kalimah Salancar Basajan

2) Kalimah Salancar Jembar

Kalimah salancar jembar nya éta kalimah salancar anu diwangun ku hiji bagian galeuh ditambah bagian panambah. Ieu kalimah diwangun ku hiji J+C, ditambah ku keterangan, boh dibarengan udagan jeung panglengkep boh henteu.

Bagian panambah dina kaliamah salancar jembar téh, biasana dieusian ku fungsi keterangan. Ruas atawa gatra keterangan anu mibanda fungsi pangjembar atawa panambah téh, henteu ngawangun klausna tapi nyicingan hiji fungsi dina klausna.

Nilik kana harti nu dikandungna, Sudaryat (1989) ngawincik gatra keterangan kieu.

a) Keterangan waktu

Ieu keterangan téh méré wawaran ngeunaan waktu lumangsungna peristiwa. Warna fungsi kat. bisa mangrupa: kecap atawa frasa barang jeung frasa pangantét. Contona:

Minggu hareup manéhna téh baris dating.

Taun tukang mah_halodo téh pohara bangetna.

Ti kamari kénéh kuring téh ngadagoan anjeun.

Alusna mah ulah indit *ayeuna*.

b) Keterangan tempat

Ieu keteranagn téh méré wawaran ngeunaan tempat lumangsungna peristiwa kaayaan. Warna pangeusi fungsi kat. Umumna frasa pangantét. Contona:

Urang panggih di ditu wae

Pun bapa téh bade angkat ka Amerika.

c) Keterangan tujuan

Ieu keterangan téh méré wawaran ngeunaan tujuan atawa maksud hiji pagawéan atawa kaayaan. Contona:

Kolot téh bebeakan *keur kapentingan anak*.

Hirup téh kudu aya gunana *keur nusa, bangsa, katut agama*.

d) Keterangan cara

Ieu keterangan téh nuduhkeun kumaha carana hiji peristiwa atawa pagawéan lumangsung. Contona:

Ayeuna hidep kudu indit *gagancangan*

Budak téh ngajawab *kalawan mérénah*

e) Keterangan panyarta

Ieu keterangan téh nuduhkeun peran sartana jalma lian dina hiji kagiatan atawa peristiwa. Contona:

Paradosen ngarumuskeun éta konsep téh *jeung asistenna*.

Kuring mah rék indit téh *bareng jeung Ahmad*.

f) Keterangan alat

Ieu keterangan téh nuduhkeun alat nu dipake pikeun ngalakukeun hiji pagawéan. Contona:

Kuring mah rék indit ka kampus *kana beus kota*.

Mang Karta neunggeul oray welang *ku tangkal sampeu*.

g) Keterangan babandingan

Ieu keterangan téh nuduhkeun babandingan antara hiji kaayaan, pagawéan, atawa peristiwa. Contona:

Manéh mah nyarita téh *kawas kolot bae*.

Cangkéngna lengkéh *kawas papanting*.

h) Keterangan panyabab

Ieu keterangan téh nuduhkeun panyabab atawa alesan pikeun lumangsungna kaayaan, peristiwa, atawa pagawéan. Contona:

Manéhna téh bisa ngungkulán éta masalah *ku kawibawaan*.

Ku saba hawa werang pare taun ieu mah hasilna ngurangan.

i) Keterangan pangiwal

Ieu keterangan téh nuduhkeun kaayaan, pagawéan, atawa peristiwa nu diwalkeun. Contona:

Kabeh oge geus daratang *iwal Dedi*.

Tinggal manéhna nu séjén mah geus malayar.

j) Keterangan pangjumlahah

Ieu keterangan téh nuduhkeun lobana barang atawa hal. Contona:

Ceu Imas ngagaleuh dukuh *dua kilo*.

Barudak téh dibéré duit *sarebu séwang*.

k) Keterangan modalitas

Ieu keterangan téh nuduhkeun sikap atawa tafsiran subjéktif pamaké basa kana lumangsungna peristiwa atawa kaayaan. Sikep pamaké basa téh bisa mangrupa: kapastian, kacangcayaan, kahamham, kamungkinan, pangharepan, pangajak, jeung panakol. Contona:

Moal boa manéhna téh eureun.

Pa Mardi mah parantos mulih *panginten*.

Boa-boa budak téh cilaka.

Tiasa janten dongkap téh rada elat.

Muga-muga baé kahoyong ibu tinekanan.

Cing kuring nginjeum duit sarebu mah!

l) Keterangan aspek

Ieu keterangan téh nuduhkeun prosés lumangsungna peristiwa atawa kaayaan kalawan objektif. Éta prosés téh bisa mangrupa: mimiti lumangsung (*inkoatif*), enggeus lumangsung (*perfektif/komplektif*), eukeur lumangsung (*duratif*), baris lumangsung (*futuritif*), lumangsung deui (*repetitif*), remen lumangsung (*fréquentatif*), lumangsung tuluy-tuluy (*iteratif*), lumangsung teu disangka-sangka (*spontanitas*), jeung lumangsung ku kabiasaan (*habituatif*). Contona:

*Bray lambaran sajadañ ka tukang muka
Paramitra tangtos parantos aruninga
Pun bapa mah nuju angkat ka Jakarta
Lamun kitu hidep baris gagal.
Sakali deui sim kuring nitipkeun pun anak.
Kadangkala manéhna téh bageur.
Ema mah saban peuting ge teu weleh ngadungakeun.
Ku naon mobil téh ujug-ujug eureun.
Biasana mah wayah kieu téh geus datang.*

4.2.2.2 Kalimah Ngantét

Kalimah ngantét nya éta kalimah anu diwangun ku sakurang-kurangna dua kalimah salancar. Ku lantaran kalimah salancar téh diwangun ku hiji klausa bebas tanpa klausa kauger, atuh kalimah ngantét téh diwangun ku dua klausa atawa leuwih deuih. Ari klausa téh enas-enasna mah diwangun ku hiji J+C, boh dibarengan U, Pang., jeung Kat. boh henteu. Ku kituna, kalimah ngantét oge bisa diwatesanan nya éta kalimah nu sakurang-kurangna diwangun ku dua J+C, boh dibarengan U, Pang, jeung Kat boh henteu (Sudaryat, 1989).

Cindekna, kalimah ngantét nya éta kalimah anu diwangun ku dua klausa atawa leuwih nu aya patalina boh gramatis boh semantik. Kalimah ngantét ngawengku kalimah ngantét satata jeung kalimah ngantét sélér sumélér.

1) Kalimah Ngantét Satata

Kalimah ngantét satata nya éta kalimah anu disusun ku dua atawa leuwih kalimah salancar atawa klausa bébas anu sarua kalungguhanana. Kalimah atawa klausa anu hiji lain mangrupa bagian tina kalimah atawa klausa lianna nepi ka tatali antarbagianana satata (hubungan koordinatif). Conto:

Manéhna mandi, terus dibaju.

Manéhna gogoléran, sedeng pikiranana kumalayang.

Ciri-ciri kalimah ngantét satata

a) Klausa-klausa anu ngawangunna *sarua* tahapanana, satata, atawa sadarajat.

Conto: *Manéhna mandi, terus dibaju.*

Lanceukna jangkung, tapi adina mah pendék.

b) Tempat klausa katut kecap panyambungna dina kalimah ngantét umumna *henteu bisa dipatukeurkeun*

Conto: *Manéhna mandi, terus dibaju.*

Terus dibaju, manéhna mandi.


c) Panyulur Kataforis (kecap sulur miheulaan kecap barang anu disuluranana) dina kalimah ngantét satata mah henteu meunang lantaran kecap sulur jeung kecap barangna henteu nuduhkeun jalma anu sarua. Contona:

Manéhna resepeun cianjurana, tapi 2téh embungeun ari meuli kasetna mah.

Kecap sulur *manéhna* jeung kecap barang *Dedi* dina éta kalimah henteu nuduhkeun jalma anu sarua, beda deui jeung kalimah ieu.

Najan *manéhna* resepeun Cianjuran, tapi *Dedi* téh embungeun ari meuli kasetna mah.

Dumasar patali gramatik antar unsurna, kalimah ngantét satata dibagi jadi tujuh, nya éta 1) kalimah jumlah, 2) kalimah lalawanan, 3) kalimah pilih, 4) kalimah tumuluy, 5) kalimah sinambung, 6) kalimah sinambung, jeung 7) kalimah panandes.



Bagan 7
Papasingan Kalimah Ngantét Satata

a) Kalimah jumlah

Kalimah jumlah (*aditif*) nya éta kalimah anu nuduhkeun *jumlah* atawa *tambahan kgiatan, kaayaan, peristiwa* jeung prosés antar kalimah salancarna. Éta tatali harti téh ditétélakeun ku kecap panyambung: *jeung (deui), (ka) tambah-tambah, (ka) turug-turug, tur, sarta, jaba...deuih, jeung...deuih, nya...nya...* contona:

Jaba ti palinter, barudak téh balageur deui.

Manéhna gering ripuh, katurug-turug budakna nu leutik ninggakleun.

b) Kalimah lalawanan

Kalimah lalawanan (*kontrastif*) nya éta kalimah anu nuduhkeun naon-naon anu aya dina klausna kahiji téh patukang tonggong atawa teu sarua jeung naon-naon anu aya dina klausna pandeuriuna. Éta tatali harta téh ditétélakeun ku kecap panyambung: *tapi, ari, sedeng (keur), ngan, padahal*. Contona:

Kumisna baplang sotéh ari haténa mah leutik.

Alus-alusna mah baju téh, tapi hargana mahal pisan.

Herni téhmaksakeun indit ka sakola padahal manéhna téh can jagjag pisan.

Masing kumisna baplang ogé, ari haténa mah leutik.

c) Patali pilih

Patali pilih (*alternatif*) nya éta kalimah anu nuduhkeun pilihan tina dua kamungkinan anu aya dina dua klausna salancr. Éta tatalina harti téh ditétélakeun maké kecap panyambung: *atawa, atanapi, boh...boh..., boh...atawa....* Contona:

Dahar téh rék ayeuna pa rék engke?

Dipi pangaosna bebas kenan sami atanapi benten sareng pangaos beas sahon?

Boh manéhna aya di dieu boh jauh ti dieu taya pangaruhna keur kuring mah.

Tatali harti dina kalimah ngantét satata téh henteu salawasna ditetetlakeun make kecap panyambung, tapi aya anu nyamuni tanpa kecap panyambung. Kalimah ngantét anu dicirian make kecap panyambung disebut kalimah ngantét hipotaksis, ari kalimah ngantét anu henteu nake kecap panyambung disebut kalimah ngantét parataksis. Contona:

Kuring maca, adi kuring nulis.

Lanceukan jangkung, adina mah pendek.

Manéhna teu maju-maju téh, salahna sorangan.

Kumisna wungkul anu baplang téh, hatena mah leutik.

2) Kalimah Ngantét Sélér Sumélér

Kalimah ngantét sélér sumélér nya éta kalimah nu diwangun ku sakurang-kurangna dua kaliamh salancar atawa klausa anu béda kalungguhannana. Salah sahiji kalimah salancar atawa klausa mangrupa bagian tina kalimah salancar atawa klausa lian. Kalimah salancar atawa klausa anu jadi bagian tina salah sahiji fungsi kalimah salancar liana disebut kalimah atawa klausa sélér, ari kalimah atawa klausa nu dilegaanana disebut kalimah atawa klausa lulugu. contona:

Basa kuring datang, manéhna euweuh di imah.

Lantaran ngarasa dinyényeri, manéhna ménta pepegatan.

Ciri-ciri kalimah ngantét sélér sumélér:

- a) Klausa-klausa anu ngawangunna *henteu satata/teu sadarajat*

Conto: Basa kuring datang, manéhna keur dahar.

- b) Kecap sulur dina hiji klausa kalimah sumeler *bisa* miheulaan kecap anu disuluranana nu aya dina klausa séjén.

Conto: Sanajan manéhna tara ngapalkeun, Junéd ogé lulus ujian.

Junéd ogé lulus ujian, sanajan manéhna tara ngapalkeun.

- c) Tatali antar kalimah salancar atawa klausa dina kalimah lulugu mah dikantetkeun make kecap panyambung teu satata (konjungsi subordinatif), najan teu salawasna kitu. Kecap panyambung anu biasa digunakaeun kayaning *sabot, basa, lamun, jeung yén*.

Conto: Sabot dibaju, manéhna geus indit mantén.

Lamun harita kuring teu rikat nyingcet, pasti kabalédog.

- d) Dina kalimah ngantét sélér-sumeler, kalimah atawa klausa téh salawasna nyicingan salah sahiji fungsi J, C, U, Pang., atawa Kat. tina kalimah atawa klausa lulugu (Sudaryat, 1989).

(1) Kalimah (klausa) sélér jadi J kalimah lulugu, contona:

Dítételakeun ku manéhna yén éta carpon téh nyaritakeun dirina sorangan.

(2) Kalimah (klausa) sélér jadi U kalimah lulugu, contona:

Abdi oge nguping yén éta kajantenan téh lepat anjeunna nyalira.

(3) Kalimah klausa sélér jadi Pang. kalimah lulugu, contona:

Maranehna can nyarahoeun yén daerahna geus pada ningker.

(4) Kalimah (klausa) sélér jadi Kat. kalimah lulugu, contona:

Méméh meleték panon poé, kuring jeung batur-batur geus nepi ka pangkemahan.

(5) Kalimah (kalusa) sélér jadi atribut J kalimah lulugu, contona:

Budak anu indungna dibawa ka rumah sakit téh ceurik baé.

(6) Kalimah (kalusa) sélér jadi atribut U kalimah lulugu, contona:

Akang mah rék ngala heula buah anu daunna ngaroyom ka jalan gedé.

- (7) Kalimah (klausa) sélér jadi atribut Pang. kalimah lulugu, contona:
 Kitu nurutkeun wawaran *anu ditémpélkeun dina "papan pengumuman"*.
- (8) Kalimah sélér jadi atribut barang kalimah lulugu, contona:
 Manéhna indit ka Bandung *nu kiwari keur terus ngawangun daerahna*.
- e) Dina kalimah nagntet sélér sumeler, panyulur kataforis (kecap sulur miheulaan kecap barang anu disuluranna) bisa miheulaan kecap anu disuluranana. Contona: Najan manéhna geus pohara laparna, Kurdi téh can wanieun ngeduk sangu tina boboko, da can ditawaran ku pribumi.
- f) Dina kalimah nagntet sélér sumeler, salah sahiji kalimah salancar atawa klausana nyandang wawaran panambah tina kalimah salancar atawa klausana lian. Ku kituna, kalimah atawa klausana sélér téh dinggap sekunder ku pamaké basa. Contona:
 Copét pada nareunggeulan, nepi ka awak barengep.
- g) Dina kalimah ngantét sélér-sumeler, kalimah atawa klausana sélér bisa disuluran ku kecap atawa frasa nu tangtu asal sarua harti jeung kalimah sélérna téa. Contona:
 (a) *Waktu hayam kongkorongok tilu kali*, kuring miang.
 (b) *Subuh kénéh pisan*, kuring miang.

Balukar tepungna antara kalimah atawa klausana lulugu jeung kalimah atawa klausana sélér dina kalimah ngantét sélér-sumeler, muncul rupa-rupa tatalina hartina. Éta tatali harti téh nya éta:

- a) Kalimah waktu (panyambungna: *basa, waktu, sabada*)
 Contona: *Basa* kuring ngarérét, manéhna miceun beungeut.
- b) Kalimah sarat (panyambungna: *lamun, mun, asal, upama (saupama), ari*)
 Contona: *Lamun* manéhna milu, kuring rék milu.
- c) Kalimah tujuan (panyambungna: *ambeh, ngarah, supaya, sangkan, malar, malahmandar*)
 Contona: Sing sering maca, *sangkan* loba pangaweruh!
- d) Kalimah sabab (panyambungna: *sabab, lantaran, pedah, alatan, bubuhan, da, dumeh, bakat ku*)
 Contona: *Lantaran* masih kénéh gede kanyaahna, manéhna balik deui ka popotonganana.
- e) Kalimah akibat (panyambungna: *nepi ka*)
 Contona: Kentengna peupeus *nepi ka* cai téh asup ka jero imah.
- f) Kalimah hasil (panyambungna: *nu matak, nu mawi*)
 Contona: Manéhna téh rada eraeun ku kuring *nu matak* henteu datang deui.
- g) Kalimah ngaku (panyambungna: *sanajan, sok sanajan, papadaning, sangkilang*)
 Contona: *Sanajan* hujan, Jumad terus leumpang rurusuhan.
- h) Kalimah cara (panyambungna: *bari, kalawan atau ku jalan*)
 Contona: Lena tungkul *bari* nyusutan cimatana.
- i) Kalimah pertelaan (panyambungna: *yén*)
 Contona: Manéhna ngomong bari dareuda *yén* kiwari geus pipisahan jeung salakina.
- j) Kalimah pangeces (panyambungna: *nu*)
 Contona: Manéhna keur mencrong ti kajauhan wanoja *nu* kungsi datang ka imahna.
- k) Kalimah guna (panyambungna: *pikeun atau keur*)
 Contona: Sakabéh warga sapamadegan *pikeun* ngarojong kapamingpinan Lurah.
- l) Kalimah babandingan (panyambungna: *lir, siga, kawas, saperti, bangun*)

Contona: Sanggeus diomongan mahéhna ngeluk tungkul *kawas* bueuk meunang mabuk.

m) Kalimah iwal (panyambungna: *iwal, kajaba, iwal ti*)

Contona: Anu araya di dinya téh kabeh ngarasa nalangsa *iwal ti* barudak ngora.

4.2.3 Dumasar Struktur Internal Klausutama

Dumasar kana struktur internal klausutama, kalimah téh dibagi dua, nya éta kalimah sampurna jeung kalimah teu sampurna.

4.2.3.1 Kalimah Sampurna

Kalimah sampurna (lengkep, mayor) nya éta kalimah anu sakurang-kurangna diwangun ku hiji klausutama bebas. Ku kituna, kalimah sampurna ngawengku (1) kalimah salancar jeung (2) kalimah ngantét. Contona:

Manéhna diuk luhureun kasur.

stri jeung Dudung silihkiceupan.

Basa manéhna diuk luhureun kasur, kuring nangtung deukeut jandela.

Manéhna diuk luhureun kasur, ari kuring mah nangtung deukeut jandela.

4.2.3.2 Kalimah teu Sampurna

Kalimah teu sampurna (teu lengkep; minor; elips) nya éta kalimah anu sakurang-kurangna diwangun ku hiji klausutama lengkep atawa henteu mibanda klausutama pisan. Contona:

"Hey!"

"Ka Garut."

"Saha kitu?"

"Jeung saha?"

4.2.4 Dumasar Ngandung-Henteuna Klausutama

Dumasar kana aya euweuhna klausutama dina kalimahna, kalimah téh dibagi jadi kalimah klausutama jeung kalimah tanklausutama.

4.2.4.1 Kalimah Klausutama

Kalimah klausutama nya éta kalimah anu mibanda unsur pangwanganan nu mangrupa klausutama. Kalimah klausutama bisa diwangun ku hiji klausutama atawa leuwih, boh klausutama bébas wungkul boh klausutama bébas ditambah klausutama kauger. Ku kituna, kalimah klausutama téh ngawengku kalimah salancar jeung kalimah ngantét. Contona:

Pun bapa téh pupus.

Pun adi alit kénéh.

Pun bapa téh pupus waktos pun adi alit kénéh.

Anjeunna teu acan uningaeun yén abi téh raina pituin.

4.2.4.2 Kalimah Tanklausutama

Kalimah tanklausutama nya éta kalimah anu teu ngandung klausutama. Kalimah tanklausutama téh salawasna henteu mibanda caritaan. Contona:

Aduh!

Wilujeng enjing!

Saha!

Kuring.

Junéd".

4.2.5 Dumasar Fungsina dina Komunikasi

Dumasar fungsina dina komunikasi, kalimah téh dibagi tilu, nya éta kalimah wawaran, pananya, jeung paréntah.

4.2.5.1 Kalimah Wawaran (*Déklaratif*)

Kalimah wawaran nya éta kalimah anu fungsina pikeun nepikeun békara. Contona:

Kamari kuring ka Situ Bagendit.
Imahna téh sisi jalan satapak.

4.2.5.2 Kalimah Pananya (*Interrogatif*)

Kalimah pananya nya éta kalimah anu fungsina pikeun nanyakeun informasi. Contona:

Sabaraha niléyna?
Di mana nganjrekna?

4.2.5.3 Kalimah Panitah (*Imperatif*)

Kalimah panitah nya éta kalimah anu fungsina pikeun nitah batur atawa jalma lian sangkan ngalakukeun hiji pagawéan.

Contona:

Asup!
Sing bener atuh digawé téh!

4.2.6 Dumasar Patalina Aktor jeung Aksi

Dumasar patalina aktor jeung aksi, kalimah téh dibagi jadi opat, nya éta kalimah migawé (*aktif*), dipigawé (*pasif*), migawé manéh (*medial*), jeung silihbales (*résiprokal*).

4.2.6.1 Kalimah Migawé (*Aktif*)

Kalimah migawé nya éta kalimah anu jejerna ngalakukeun pagawéan (aksi), contona:

Kuring keur ngetik pancén Sintaksis.
Jumad keur nelepon.

4.2.6.2 Kalimah Dipigawé (*Pasif*)

Kalimah dipigawé nya éta kalimah anu jejerna kakeunaan atawa jadi pangrandap, ari caritaanana mangrupa kecap atawa frasa pagawéan pasif, contona:

Cengkéh téh dipipit ku Didin.
Motor téh dibeuli ku kuring.
Konci téh kabawa ku Dudih.

4.2.6.3 Kalimah Migawé Manéh (*Repleksif*)

Kalimah migawé manéh mya éta kalimah anu jejerna milampah pagawéan anu hasilna karasa ka dirina sorangan. Jadi jejer salaku palaku sakaligus pangrandap, contona:

Manéhna keur moyan.
Kuring ngeunteung.
Adina sibeungeut.

4.2.6.4 Kalimah Silihbales (*Résiprokal*)

Kalimah silihbales nya éta kalimah anu jejer jeung udaganana ngalakukeun pagawéan silihbales, contona:

Dudi jeung Feri silihudag.

Kuring sakedapan papelong-pelong jeung manéhna.

4.2.7 Dumasar Aya Euweuhna Unsur Pamungkir (*Negatif*) dina Caritaanana

Dumasar kana aya atawa euweuhna unsur pamungkir (negatif) dina caritaanana, kalimah téh dipasing-pasing jadi kalimah negatif jeung kalimah positif (afirmatif)

4.2.7.1 Kalimah Negatif

Kalimah nya éta kalimah anu caritaanana mangrupa frasa pagawéan negatif, contona:

Kuring henteu balik ka imah.

Babaturanana teu daékeun kuliah.

4.2.7.2 Kalimah Positif (*Afirmatif*)

Kalimah positif atawa afirmatif nya éta kalimah anu caritaanana teu ngandung unsur negative atawa panyangkal, contona:

Lanceukna meuli sapatu.

Bibina dagang tiung.

4.2.8 Dumasar Kalengkepan Unsur Dasarna

Dumasar kana kalengkepan unsur dasarna, kalimah téh dibagi tilu, nya éta kalimah formata, transformata, jeung déformata (Tarigan, 1983:17).

4.2.8.1 Kalimah Formata

Kalimah formata nya éta kalimah salancar jeung sampurna, nu ngandung hiji klausa bebas, nya éta klausa anu bisa madeg mandiri dina ungkara salaku kalimat sampurna. Susunanana ngandung runtulan inti anu rapih susunanana.

Kalimah inti atawa kalimah dasar mibanda ciri-ciri. Sababaraha urang ahli basa ngébréhkeun ciri-ciri kalimah inti. Nurutkeun Robins (1983), ciri-ciri kalimah inti téh nya éta:

- a) migawé (*aktif*)
- b) wawaran (*deklaratif*)
- c) salancar

Cook (1971: 42) nétélakeun pamadeganana yén kalimah inti téh mibanda ciri-ciri saperti

- a) salancar
- b) sampurna
- c) wawaran
- d) positif
- e) aktif
- f) resiprokatif

Tina pamadegan-pamadegan di luhur, bisa dicindekkeun yén ciri kalimah inti basa Sunda téh nya éta

- a) salancar, contona: Kuring nulis surat.
- b) sampurna, contona: Manéhna mulas pager.

- c) aktif, contona: Bapa angkat ka kantor.
- d) positif, contona: Lanceukna meuli mobil.
- e) wawaran, contona Manéhna meuli buku ti pasar.

4.2.8.2 Kalimah Transformata

Kalimah transformata nya éta kalimah lengkep tapi lain kalimah tunggal, ieu kalimah ngawengku kalimah ngantét jeung kalimah sumélér, contona:

Sabada ngetik, terus manéhna békérés buku.
Nalika manéhna indit, kuring keur mandi.

4.2.8.3 Kalimat Deformata

Kalimah deformata nya éta kalimah tunggal nu teu sampurna, teu lengkep. Nu kawengku kana kalimah deformata di antarana kalimah sirnaan (*elips*), sambungan (*urutan*), tambahan, jawaban, jeung panyeluk. Contona:

Jumad. (kalimah jawaban tina kalimah pananya *Saha nu maot téh?*)

4.2.9 Dumasar Konteks jeung Jawaban nu Ditepikeun

Dumasar kana konteks jeung jawaban nu ditepikeun, kalimah dibagi jadi genep, nya éta kalimah: 1) salam, 2) panggero, 3) ébréhan, 4) pananya, 5) panitah, jeung 6) wawaran.

4.2.9.1 Kalimah Salam

Kalimah salam nya éta kalimah anu wangunna geus matok, digunakeun upama panyatur patepung, ngamimitian atawa mungkas omongan, jeung upama panyatur rék papisah atawa indit, contona:

Assalamualaikum!
Wilujeng siang!

4.2.9.2 Kalimah Panggero

Kalimah panggero (*vokatif*) nya éta kalimah anu diwangun ku cara nyebut sesebutan, ngaran, gelar, atawa pangkat anu tujuanana ngageroan, contona:

Dani!
Beca!
Kopral!
Jang Guru!

4.2.9.3 Kalimah Ébréhan

Kalimah ébréhan nya éta kalimah anu digunakeun pikeun ngébréhkeun rasa panyatur, di antarana patali jeung kanyeri, kareueus, kakeuheul, contona:

Euleuh!
Walih!
Eueuh!
Aduh!

4.2.9.4 Kalimah Pananya

Kalimah pananya nya éta kalimah anu miharep réspon mangrupa jawaban, contona:

Sabaraha hiji budak téh?
Di mana linggih téh?

4.2.9.5 Kalimah Panitah

Kalimah panitah nya éta kalimah anu miharep respon ti paregep atawa audien mangrupa kalakuan, contona:

Indit!

Kaluar!

Cing pangnyokotkeun péso di dapur!

4.2.9.6 Kalimah Wawaran

Kalimah wawaran nya éta kalimah anu teu miharep réson tin u diajak nyarita atawa paregep, tujuanana éstu ngan mangrupa beware atawa nepikeun informasi, contona:

Minggu payun ujian.

Tadi di Jalan Setiabudhi aya nu tabrakan.

4.2.10 Dumasar Warna Kecap atawa Frasa nu Jadi Caritaanana

Dumasar kana warna kecap atawa frasa nu jadi caritaanana, kalimah téh dibagi jadi kalimah pagawéan jeung kalimah tanpagawéan.

4.2.10.1 Kalimah Pagawéan

Kalimah pagawéan nya éta kalimah anu caritaanana mangrupa kecap atawa frasa pagawéan, contona:

Lanceukna keur saré.

Salakina keur ngetik di tepas.

4.2.10.2 Kalimah Tanpagawéan

Kalimah tanpagawéan nya éta kalimah anu caritaanana mangrupa kecap atawa frasa tanpagawéan, contona:

Urang dieu mah santri.

Imahna dua.

Tingkesan

Kalimah téh nya éta kecap atawa runtusan kecap nu ngandung pikiran gembleng tina hiji wacana, rélatif bisa madeg mandiri sarta diwatesanan ku randegan panjang tur miboga lentong pamungkas turun atawa naek. Ciri-ciri kalimah téh nya éta 1) mangrupa wangun katatabasaan (gramatik) maksimal; hartina, kalimah téh kalawan mandiri geus lengkep, henteu merlukeun wangun séjén nepi ka éta wangunan téh mibanda fungsi 2) mangrupa kecap atawa runtusan kecap anu dumuk adeganana; hartina, pangdeudeul kalimah téh bisa mangrupa kecap, frasa, atawa klausa; 3) mangrupa wangun katatabasaan anu mibanda (intonasi final), atawa wangun basa anu diwatesanan ku randegan panjang sarta binarung jeung wirahma ahir turun atawa naek.

Kalimah jeung klausa téh aya bedana, najan sakapeung mah wangunan kalimah jeung klausa téh sarua. Bedana kalimah jeung klausa téh nya éta ari kalusa salawasna kudu ngandung hiji caritaan, ari kalimah mah salawasna kudu ngandung lentong (intonasi) di sagigireun unsur séjénna kayaning kecap, frasa, jeung klausa.

Dumasar jumlah jeung jinis unsur pangwangan, kalimah dibagi jadi dua, nya éta kalimah basajan jeung kalimah jembar.

Dumasar jumlah jeung jinis klausa anu aya dina dasarna, kalimah dibagi dua, nya éta kalimah salancar jeung kalimah ngantét.

Kalimah salancar nya éta kalimah anu diwangun ku hiji klausा bebas tanpa klausа kauger, boh mangrupa klausа pagawéan, boh tanpagawéan. Ku lantaran diwangun ku hiji klausа, kalimah salancar téh ngan mibanda hiji proposisi atawa mibanda hiji caritaan.

Kalimah ngantét nya éta kalimah anu diwangun ku dua klausа atawa leuwih nu aya patalina boh gramatis boh semantik. Kalimah ngantét ngawengku kalimah ngantét satata jeung kalimah ngantét sélér sumélér.

Kalimah ngantét satata nya éta kalimah anu disusun ku dua atawa leuwih kalimah salancar atawa klausа bέbas anu sarua kalungguhanana. Kalimah atawa klausа anu hiji lain mangrupa bagian tina kalimah atawa klausа lianna nepi ka tatali antarbagianana satata.

Kalimah ngantét sélér sumélér nya éta kalimah nu diwangun ku sakurang-kurangna dua kalimah salancar atawa klausа anu bέda kalungguhannana. Salah sahiji kalimah salancar atawa klausа mangrupa bagian tina kalimah salancar atawa klausа lian. Kalimah salancar atawa klausа anu jadi bagian tina salah sahiji fungsi kalimah salancar liana disebut kalimah atawa klausа sélér, ari kalimah atawa klausа nu dilegaanana disebut kalimah atawa klausа lulugu.

Dumasar kana struktur internal klausа utmana, kalimah téh dibagi dua, nya éta kalimah sampurna jeung kalimah teu sampurna.

Dumasar kana aya euweuhna klausа dina kalimahna, kalimah téh dibagi jadi kalimah klausа jeung kalimah tanklausа.

Dumasar fungsina dina komunikasi, kalimah téh dibagi tilu, nya éta kalimah wawaran, pananya, jeung paréntah.

Dumasar patalina actor jeung aksi, kalimah téh dibagi jadi opat, nya éta kalimah migawé (aktif), dipigawé (pasif), migawé manéh (medial), jeung silihbales (resiprokal)

Dumasar kana aya atawa euweuhna unsur pamungkir (negatif) dina caritaanana, kalimah téh dipasing-pasing jadi kalimah negatif jeung kalimah positif (afirmatif)

Dumasar kana kalengkepan unsur dasarna, kalimah téh dibagi tilu, nya éta kalimah formata, transformata, jeung déformata (Tarigan, 1983:17).

Dumasar kana warna kecap atawa frasa nu jadi caritaanana, kalimah téh dibagi jadi kalimah pagawéan jeung kalimah tanpagawéan.

Latihan

A. Pilih salah sahiji jawaban anu benar!

1. "Urang dieu mah santri", kagolong kana kalimah
a. pamungkir b. kaayaan c. golongan d. kahanan e. medial
2. "Bari ngadégdég, aki nampanan éta surat", kagolong kalimah ...
a. sarat b. tujuan c. cara d. hasil e. akibat
3. "Lanceukna mah pinter, tapi adina mah rada kurang" kagolong kalimah ...
a. jumlah b. pilih c. lalawanan d. sarat e. tumuluy
4. "Lamun getol ngapalkeun, manéhna bisa lulus ujian", kaasup kalimah ngantét sélér sumélér ...
a. waktu b. cara c. sabab d. tujuan e. sarat
5. Kalimah "Datangna isukan." Miboga pola...
a. J:N+C:N b. J:N+C:V c. J:N+C:Adj. d. J:N+C:Adver. e. J:N+C:Num.

6. Kalimah di handap mangrupa kalimah resiprokatif, *iwal*
 - a. Ita jeung Udin silihtoél.
 - b. Mimin jeung Mumun papasakan.
 - c. Unang jeung Omén silihpencrong
 - d. Maranéhanana papelong-pelong.
 - e. Ucing keur paudag-udag.
7. Kalimah anu teu ngandung panglengkép nya éta...
 - a. Manéhna aya di kamar.
 - b. Manéhna keur nulis surat.
 - c. Manéhna surti yén kuring aya pikir kadua leutik.
 - d. Nunung diajar nembang.
 - e. Kuring mah teu boga duit.
8. Tina segi harti, peran caritaan nu nuduhkeun kaayaan aya dina kalimah...
 - a. kabogohna geulis.
 - b. Es téh leyur.
 - c. Manéhna maca koran.
 - d. Bapa nuju maos koran.
 - e. Ema nuju masak.
9. Dumasar patali gramatik antar klausua dina kalimah sumélé, kalimah "Nu dipencroning ti kajauhan téh wanoja nu kungsi dipikanyaahna." kaasup kalimah...
 - a. pertélaan
 - b. ngaku
 - c. pangécés
 - d. cara
 - e. guna
10. "Yudi gura giru indit ka sakola" Harti fungsi keterangan kecap *gura giru* dina eta kalimah nya eta
 - a. tujuan
 - b. cara
 - c. waktu
 - d. alat
 - e. sabab

B. Pigawé soal ieu di handap!

1. Tétélakeun ciri-ciri jeung wangenan kalimah nurutkeun pamadegan Sadérék!
2. Tétélakeun ciri-ciri kalimah inti basa Sunda, pék contoan kalimahna!
3. Tétélakeun pola dasar kalimah basa Sunda, pék contoan kalimahna!
4. Ébréhkeun papasingan kalimah dumasar kana patalina aktor jeung aksi! Béré conto kalimahna!
5. Jéntrékeun ciri-ciri kalimah ngantét satata jeung kalimah ngantét sélér-sumeler! Béré contona!
6. Analisis kalimah-kalimah di handap ieu ngagunakeun analisis tata basa Tradisional jeung struktural tagmemik!
 - a. Kuring ukur ngarérét ku juru panon.
 - b. Saparantos Bapa angkat, lajeng abdi sadaya mios.
 - c. Bari ngadégdég, manéhna nampanan éta surat.
7. Ébréhkeun papasingan kalimah dumasar kana fungsi atawa jawaban anu dipiharep! Béré conto kalimahna!
8. Jieun masing-masing hiji conto kalimah ngantét
 - a. lalawanan
 - b. panandes
 - c. pangécés
 - d. guna
 - e. hasil
9. Jieun masing-masing hiji conto
 - a. klausua pagawéan tanlaju (intransitif)
 - b. klausua pagawéan dwilaju (bitransitif)
 - c. klausua pagawéan migawé manéh
 - d. klausua tanpagawéan golongan
 - e. klausua tanpagawéan kaayaan

DAPTAR PUSTAKA

- Alisjahbana, Sutan Takdir. 1949. *Tatabahasa Baru Bahasa Indonesia*. Jakarta: Pustaka Rakyat.
- Bloomfield, Leonard. 1933. *Language*. New York: Holt, Rinehart, and Winston.
- Chaer, Abdul. 2003. *Linguistik Umum*. Jakarta: Rineka Cipta
- 2009. *Sintaksis Bahasa Indonesia*. Jakarta: Rineka Cipta
- Cook, Walter A. 1970. *Introduction to Tagmemic Analysis*. New York: Holt, Rinehart, and Winston.
- Dik, Simon C. 1981. *Fungtional Grammar*. Amsterdam: Forris Pub.
- Dinnen, Francis F. 1967. *An Introduction to General Linguistics*. Washington: GUP.
- Droste, Flip G. & John E. Joseph (Ed). *Linguistic Theory and Grammatical Description*. Amsterdam: John Benjamin Pub. Co.
- Lembaga Basa jeung Sastra Sunda. 1983. *Kamus Umum Basa Sunda*. Bandung: Taraté.
- Lyons, John. 1971. *Introduction to Theoretical Linguistics*. Cambridge: Cambridge University Press.
- Parera, Jos Daniel. 1991. *Sintaksis*. Ende: Nusa Indah.
- Pike, Kenneth L. & Evelyn G. Pike. 1982. *Grammatical Analysis*. SIL.
- Prawirasumantri, Abud dkk.. 1993. *Wacana, Adegan Kecap, Frasa, jeung Klausu Bahasa Sunda*. Bandung: Andira.
- Prawirasumantri, Abud dkk.. 2000. "Tata Kalimah Basa Sunda". Bandung: Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FPBS UPI.
- Ramlan. 1986. *Sintaksis*. Yogyakarta: CV Karyono.
- Rusyana, Yus & Samsuri. 1976. *Pedoman Penulisan Tata bahasa Bahasa Indonesia*. Jakarta: Pusat Bahasa.
- Sampson, Geoffrey. 1980. *School of Linguistics*. London: Hutchinson.
- Samsuri. 1988. *Beberapa Aliran Linguistik Abad XX*. Jakarta: P3LPTK.
- Sudaryat, Yayat. 1985. *Pedaran Basa Sunda*. Bandung: Geger Sunten
- 1989. "Ulikan Sintaksis Basa Sunda". Bandung: JPBD FPBS IKIP Bandung.
- 2007. *Tata Basa Sunda Kiwari*. Bandung: Yrama Widya.
- Tarigan, Henry Guntur. 1984. *Pengajaran Sintaksis*. Bandung: Angkasa
- Wirakusumah, R. Momon. 1969. *Kandaga Tatabasa*. Bandung: Ganaco.
- Yudibrata, Karna. 2001. *Analisis Linguistik Struktural*. Bandung: FPBS UPI.